

**IBWIRIZWA INOMERO 1/015 RYO
KU WA 20 NDAMUKIZA 2005
RYEREKEYE IGITABU
C'AMATEGEKO AGENGA
AMATORA.**

**REPUBLIKA Y'UBURUNDI
IBIRO VY'UMUKURU W'IGIHUGU**

**IBWIRIZWA INOMERO 1/015 RYO KU WA 20
NDAMUKIZA 2005 RYEREKEYE IGITABU
C'AMATEGEKO AGENGA AMATORA.**

UMUKURU W'IGIHUGU,

Yihweje Ibwirizwa Shingiro rya Repubulika y'Uburundi ;

Yihweje ibwirizwa inomero 1/004 ryo ku wa 14 nzero 1987 rihindura igitabu c'amategeko y'iringanizwa ry'inzego z'ubutungane n'ububasha bwazo;

Yihweje ibwirizwa inomero 1/015 ryo ku wa 20 mukakaro 1999 rihindura igitabu c'amategeko yerekeye ingene imanza z'ivyaha zitohozwa, ziburanishwa n'ingene zicibwa;

Yihweje ibwirizwa inomero 1/013 ryo ku wa 18 mukakaro 2000 rihindura igitabu c'amategeko yerekeye ubwenegihugu;

Yihweje ibwirizwa inomero 1/018 ryo ku wa 19 kigarama 2002 ryerekeye ingene Sentare yubahiriza Ibwirizwa Shingiro iringanijwe, ingene ikora n'ingene imanza ishikirijwe ziburanishwa;

Yihweje ibwirizwa inomero 1/006 ryo ku wa 26 ruheshi 2003 ryerekeye ingene imigambwe itunganijwe n'ingene ikora;

Yihweje ibwirizwa inomero 1/06 ryo ku wa 4 ndamukiza 1981 rihindura igitabu c'amategeko mpanavyaha;

Yihweje itegeko-bwirizwa inomero 1/024 ryo ku wa 28 ndamukiza 1993 rihindura igitabu c'amategeko yerekeye abantu n'ingo;

Yihweje itegeko-bwirizwa inomero 1/006 ryo ku wa 21 ntwarante 1997 ryerekeye ukumenyesha amakuru mu Burundi;

Asubiriye kwihiweza itegeko-bwirizwa inomero 1/022 ryo ku wa 16 ntwarante 1993 ryerekeye igitabu c'amategeko agenga amatora;

Inama Nshikiranganji imaze kuryihweza;

Inama Nshingamateka Mfatakibanza n'Inama Nkenguzamateka Mfatakibanza zimaze kuryemeza.

ARABWIRIJE:

IGICE CA MBERE: INGINGO NGENDERWAKO

Ingingo ya 1 : Iki gitabu c'amategeko agenga amatora gishinga amategeko yerekeye amatora ku mitumba no mu makomine, ayo Abashingamateka n'Abakenguamateka, ayo Umukuru w'Igihugu n'ivyerekeye guhanuza abanyagihugu biciye mu matora.

Ingingo ya 2: Ugutora birekuriwe abantu bose bakwije ibisabwa n'amategeko, ijwi rikangana n'irindi, kukaba mu mwiherero, ata gahato kandi ku mugaragaro. Abanyagihugu baritorera bo nyene canke bakabicisha ku babaserukira hisunzwe ibitegekanijwe n'itora rimwe rimwe ryose.

Ingingo ya 3: Umurwi wigenga ujejwe gutunganya amatora mu gihugu cose urubahiriza ko abantu batora mu mwidegemvyo, mu butungane n'uko amatora aba ata gitsure.

Amabanga uwo murwi ujejwe, abawugize, ingene uringanijwe n'ingene ukora, bitegekanywa n'amategeko awerekeye.

IGICE CA II: INGINGO RUSANGI KU MATORA YOSE

IKIGABANE CA MBERE: IBISABWA KUGIRA UMUNTU ATORE

Ingingo ya 4 : Abarekuriwe gutora n'Abarundi b'ibitsina vyose, ku munsi wo gutora bakwije canke barenza imyaka cumi n'umunani y'amavuka, bafise amateka yose ajanye n'ubwenegihugu akaba ata na kimwe mu bitegekanijwe n'iki gitabu kibakumira mu matora.

Ingingo ya 5 : Abatarekuriwe gutora no kwitoza mu bihe bimwe bimwe ni aba:

- 1° Abantu bapfunzwe bataracirwa imanza nk'uko bitegekanijwe n'ingingo ziri mu gitabu c'amategeko agenga ingene imanza z'ivaha zitohozwa, ziburanishwa n'ingene zicibwa;

- 2° Abantu bapfunzwe hakurikijwe imanza z'ivyaha baciriwe canke bahawe igihano co gufungwa gisubirira ihadabu batatanze canke bari mu munyororo w' agatsindikiro.;
- 3° Abantu bashizwe mu minwe ya Leta hakurikijwe ibitegekanijwe mu ngingo ya 48 n'izikurikira ziri mu gitabu c'amategeko mpanavyaha;
- 4° Abantu bacungiwe ahantu canke bashizwe mu bitaro kubera ko barwaye mu mutwe canke hakurikijwe iyindi ngingo iyo ariyo yose yo gukingira abantu;
- 5° Abantu batswe uburenganzira bwo kwitunganiriza ivyabo hakurikijwe ingingo ziri mu gice ca mbere c'ikigabane ca XIV c'igitabu c'amategeko agenga abantu n'ingo;
- 6° Abantu baciriwe igihano kibaka amateka ajanye n'ubwenegihugu kigatuma batakigira amateka ategekanijwe mu gace ka kabiri k'ingingo ya 56 y'igitabu c'amategeko mpanavyaha canke abaciriwe igihano c'imperekeza gishingwa na Sentare ivyitumye nk'uko bitegekanijwe mu ngingo ya 439 y'ico gitabu.

Ingingo ya 6: Igihe uwaciriwe igihano co gufungwa arekuwe vy'agateganyo, ntarekuriwe gutora gushika haheze ikiringo kingana n'iminsi yari asigaje gufungwa igehe yarekurwa ivyo agateganyo.

Abantu baciriwe igihano co gufungwa ariko ntibapfungwe kubera ko bahawe ikiringo co kugera-gezwa ntibashobora gutora mu kiringo kingana kabiri ico kugeragezwa.

Ingingo ya 7: Kiretsi ibitegekanijwe mu ngingo y'umunani ikurikira, ababujijwe ubutacisubirako gutora no kwitoza ni aba:

- 1° Abantu baciriwe igihano co gufungwa imyaka irenga cumi bagirizwa ivyaha bakoze;
- 2° Abantu b'intahaha baciriwe ibihano ku vyaha bijanye n'amatora.

Ingingo ya 8: Inkurikizi z'ikigongwe gitanzwe n'Umukuru w'igihugu, igitanzwe n'ibwirizwa canke izo gusubizwa amateka na sentare kuvyerekeye ikurikizwa ry'ingingo ya 5 agace ka 6 n'ingingo ya 7 ziri mw'ibwirizwa zishingwa hisunzwe ibitegekanijwe mu ngingo za 111, 128 na 132 z'igitabu c'amategeko mpanavyaha.

Ku vyerekeye amatora ya mbere kandi mu kurindira ibizova mw'itohoza rizogirwa n'umurwi mpuzamakungu kugira ngo abazokwagirwa n'ivyaha vy'ihonyabwoko, ivyaha bikorwa mu ntambara, ivyaha vyitwa ko vyakorewe isi yose baze bashengezwe imbere y'intahe n'ibizova mw'itohoza rizogirwa n'Umurwi w'igihugu ujejwe gushira ahabona ukuri n'ukunywanisha Abarundi, abantu ugukurikiranwa kwabo kwabaye kurabangirwa, bagumana amateka ajanye n'ubwene-gihugu naho boba baraciriwe igihano.

Uwo ariwe wese azoba yatowe, ariko abagize umurwi n'umwe muri iyo ibiri bagasanga yagira ivyo vyaha, aca abogozwa buno nyene mu mabanga yatorewe kandi agaca asubirizwa.

Ingingo ya 9: Hirengagijwe ibitegekanijwe mu ngingo ya 5 agace ka 6 no mu ngingo ya 7 z'iri bwirizwa abaciriwe imanza kuvyaha biterwa no gusamara ntibabujijwe gutora, kwitoza no kwiyandikisha ku rutonde rw'abazotora kiretse iyo ibihano baciriwe bijanye n'ivyaha vyo gutoroka, kugendesha ivyuma mu mabarabara ata ruhusha, canke harimwo akaborerwe canke ivyo vyuma bitakingiwe ku masanganya.

Ingingo ya 10: Igihe ukwiyandikisha ku rutonde rw'abazotora kwaheze ariko amatora akaba ataraba, bikamenyekana ko uwiyandikishije atari abifitiye uburenganzira, abajejwe kwandika abazotora baca bakorana bose bakavyemeza bagaca babishikiriza umurwi wigenga ujejwe amatora mu ntara kugirango nawo ushinge ingingo.

IKIGABANE CA II: URUTONDE RW'ABATORA N'INGENE RUGIRWA.

Ingingo ya 11: Itegeko ry'Umukuru w'ighugu ni ryo rirarika abazotora, vyateveye rigashingwa hasigaye iminsi mirongo itatu n'itanu, ryihuse rigashingwa hasigaye iminsi mirongo ine n'itanu imbere yuko amatora aba.

Ariko, iyo hagegekanijwe amatora abiri canke arenga mu kiringo kitarenza amezi atatu itegeko rirarika abazotora rishobora kuba rimwe rudende.

Ingingo ya 12 : Uwurekuriwe gutora ni uwo wese yanditswe ku rutonde rw'abatora.

Mu kibanza cose kizoberamwo amatora haba hari igitabu c'abyandikishihe ngo baze batore kikaba kiriko ku rupapuro rwose inomero n'umukono w'umukuru w'Umurwi wigenga ujejwe gutunganya amatora muri komine.

Abandika abazotora bagenwa n'Umurwi wigenga ujejwe gutunganya amatora muri komine. Abandika abazotora bagenwa mu bantu badasangiye iviyumviro mu vy'intwaro no mu bitsina vyose.

Ingingo ya 13: Mw'itora iryo ariryo ryose abazotora bariyandikisha. Ariko, Umushikiranganji w'intwaro yo hagati mu gihugu arashobora gushinga ko urutonde rw'abyandikisha ruguma rugirwa kandi rukaja rurahindurwa hakurikijwe uburyo ashinze.

Mu gihe hakurikijwe ibitegekanijwe mu gace ka kabiri k'ingingo y'icumi na rimwe y'iri bwirizwa urutonde rw'abyandikishihe mu matora yatanguriye ayandi nirwo rwisungwa mu matora akurikira.

Imbere y'uko haba itora iryo ariryo ryose, Umurwi wigenga ujejwe gutunganya amatora mu gihugu cose urategekanya ikiringo n'imiburiburi c'iminsi cumi ku muntu uwo ariwe wewe yipfuza guhindura ikibanza c'aho azotorera canke ku muntu uwo ariwe wese atari yashoboye kwiyandikisha. Ariko, Umurwi wigenga ujejwe gutunganya amatora mu gihugu cose urashobora gutegekanya ikiringo kimwe n'imiburiburi

c'iminsi cumi ku matora yose mu gihe iminsi yayo yegeranye.

Ingingo ya 14 : Umuntu uwo ariwe wese afise uburenganzira bwo gutora nkuko bitegekanijwe mu gice ca mbere c'ikigabane ca kabiri c'iri bwirizwa, ategerezwa gusaba mu kiringo categekanijwe kwandikwa mu gitabu c'amatora c'aho afise urugo rukuru.

Ingingo ya 15: Uwiyandikisha ku rutonde rw'abazotora yandikwa abanje kwerekana ikarata karangamuntu yiwe canke urwandiko urwo arirwo rwose rwemewe n'amategeko rumuranga n'urwandiko urwo arirwo rwose rutuma bishoboka guhinyuza ko afise uburenganzira bwo gutora.

Ingingo ya 16: Icerekana ko uwuzotora yanditswe mu gitabu c'amatora ni ikarata yo gutora ahabwa kandi ategerezwa kwerekana agiye gutora.
Ikarata y'ugutora ni iya nyene kuyihabwa, ntashobora kuyigabira canke kuyitiza uwundi muntu.

Ingingo ya 17: Nta muntu n'umwe ashobora kwiyandikisha ngo azotorere mu bibanza vyinshi mw'itora rimwe, ahandiho yohabwa ibihano bitegekanijwe mu karongo ka mbere k'ingingo ya amajana abiri na mirongo ibiri na kabiri iri muri iki gitabu.

Umuntu uwo ariwe wese amaze kwiyandikisha ku rutonde rw'abazotora agashaka kwiyandikisha ku rundi rutonde ategerezwa kwerekana urwandiko rwemeza ko izina ryiwe ryahanaguwe aho yari yiyandikishije. Aca ahabwa ikarata nshasha y'ugutora.

Ingingo ya 18 : Ukwandika abazotora kurangiye, haragirwa icegeranyo cavyo mu nzandiko zine zisa. Urwandiko rwa mbere na mbere rw'ico cegeranyo rushingurwa ahakorera abandika abatora hambavu y'igitabu canditswemwo abazotora izindi nzandiko zikarungikirwa Umurwi wigenga ujejwe gutunganya amatora muri komine nawo ukarungikira zibiri muri izo Umurwi wigenga ujejwe kutunganya amatora mu ntara:

Ingingo ya 19 : Ingingo y'ugushira mu ngiro ibitegekanijwe muri iki gice zishingwa n'Umurwi wigenga ujejwe gutunganya amatora mu gihugu cose ugategenkanya nk'ibi bikurikira:

- 1° Ivyerekeye ingene ibitabu vyandikwamwo abazotora bimeze n'amategeko aringaniza ingene bifatwa n'uburyo bwo kuvyandikamwo abazotora;
- 2° Amagenekerez yo gutangura no gusozer vy'imfatakibanza na ntabanduka ukwandika abazotora;
- 3° Ingene ikarata yo gutora imeze;
- 4° Ingene hategurwa urwandiko rwemeza ko izina ry'uwari yiyanikishije ryahanaguwe;
- 5° Ingene icegeranyo c'ibikorwa vy'ukwandika abazotora gitegurwa.

Ingingo ya 20: Urutonde rw'abiyandikishije mu matora rushobora gusuzumwa n'umuntu wese abikeneye.

Ingingo ya 21: Umugambwe uwo ariwo wose, urutonde urwo arirwo rwose rw'abitoza ku giti cabu canke uwitoza ku giti ciwe uwo ariwe wese bashobora kugena uwubaserukira n'umusubirizi wiwe mukibanza cose candikirwamwo abazotora kugira bacungere ko igikorwa co kwandika abazotora kirangurwa hisunze amategeko.

Abarongoye imigambwe, babisavye mu rwandiko, bararungikirwa iyimuriro ry'urutonde rw'abazotora muri komine n'imiburiburi, hasigaye iminsi mirongo itatu ngo ukwimenyekanisha kw'abitoza gutangure.

IKIGABANE CA III : IVYEREKEYE UKWITWARA

Ingingo ya 22: Ukwitwarira ukwandikwa canke ukutandikwa ku rutonde rw'abatora n'uguhanagurwa kuri urwo rutonde bishobora gushikirizwa Umurwi wigenga ujejwe gutunganya amatora mu ntara n'umuntu uwo ariwe wese harimwo imigambwe hasigaye iminsi cumi n'itanu ngo itora ribe.

Ingingo ya 23: Ukwitwara gutegekanijwe mu ngingo ya 22 y'iri bwirizwa kugirwa mu rwandiko rurungikirwa Umukuru w'Umurwi wigenga ujejwe gutunganya amatora mu ntara, iyimuriro yarwo ikarungikirwa Umurwi wigenga ujejwe gutunganya amatora muri komine n'umukuru w'abandika abazotora.

Umurwi wigenga ujejwe gutunganya amatora muri komine ushinga ingingo ntabanduka mu kiringo c'iminsi ine kuva umunsi witwariweko ubanje kubimenyesha abo vyega bose.

Iyimuriro ry'ingingo yashinzwe ica irungikirwa buno nyene abo yerekeye kandi urutonde rw'abazotora rugaca ruhindurwa bidevye, mu kurwongerako ayandi mazina, mu guhanagura canke mu gukosora hakurikijwe ivyashinzwe n'iyo ngingo.

Ingingo ya 24: Ukwandika abazotora kukirangiye, Umukuru w'umurwi wigenga ujejwe gutunganya amatora mu ntara aca arungikira Umurwi wigenga ujejwe gutunganya amatora mu gihugu cose iyimuriro ry'ivyegeranyo vyerekeye ukwandika abazotora.

IKIGABANE CA IV : UKWIMENYEKANISHA MU MATORA

Ingingo ya 25: Ivyereyeke ukwimenyekanisha ni ivyo vyose bigirwa canke bivugwa imbere y'uko amatora aba kugira ngo abatora baze bahe amajwi abitoza bariko barahiganwa canke kugira ngo berekane aho bahagaze ku kibazo babajijwe.

Ukwimenyekanisha kurekurwa n'itegeko ry'Umukuru w'Igihugu aterako igikumu hasigaye iminsi cumi n'itandatu ngo itora ribe. Kurangira hasigaye amasaha mirongo ine n'umunani ngo itora ribe.

Iyo bikenewe ko amatora asubirwamwo, ukwimenyekanisha gutangura ukundi gusha kuva umunsi ivyavuye mu matora ya mbere bitangajwe kugasozewa hasigaye amasaha mirongo ine n'umunani imbere y'uko iryo tora rigira kabiri riba.

Ukwimenyekanisha uko ariko kwose mu kiringo kidategekanijwe kurihanijwe.

Ingingo ya 26 : Ukwimenyekanisha mu matora kugirwa mu majambo, mu butumwa busomwa canke butangazwa icese, mu nzandiko zimanikwa, mu gukwiragiza inzandiko, mu kugirisha amakoraniro no mu guca ku bamenyeshamakuru no mu gukoresha ibimenyetso ivyo arivyo vyose biranga umugambwe canke uwitoza.

Ingingo ya 27: Mu gihe co kwimenyekanisha mu matora, Umurwi wigenga ujejwe gutunganya amatora muri komine urategekaniriza uwitoza uwo ariwe wese canke urutonde rw'abitoza igitigiri kingana c'ibanza bimanikwamwo inzandiko zibamenyekanisha.

Uwitoza uwo ariwe wese canke urutonde rw'abitoza bahabwa ibanza binganya uburinganire kuri bose. Uko bakurikirana mu kubisaba niko bakurikirana mu kubironka.

Birabujijwe kumanika inzandiko mu bibanza bitazigenewe canke mu bibanza vyagenewe abandi bitezoza.

Ingingo ya 28: Inzandiko zo kwimenyekanisha zimanikwa n'izikwiragizwa zitegerezwa kuba ziriko izina ry'ikirundi n'iritazirano n'ikimenyetso kiranga abariko baritoza.

Ingingo ya 29 : Abarekuriwe kuremeshesha amakoraniro yo kwimenyekanisha n'imigambwe ikwije ibisabwa n'amategeko yonyene, abanywanyi bayo bitezoza, hamwe n'abitoza ku giti cabu biyandikishije nk'uko bitegekanijwe n'amat- egeko.

Ingingo ya 30 : Ukwimenyekanisha kuba mu mwidegemvyo mugabo hakubahirizwa umutekano n'amategeko agenga amakoraniro abera ku mugaragaro.

Ikoraniro iryo ariryo ryose ritegerezwa kubanza kumenyeshwa Umukuru wa komine, n'imiburiburi amasaha mirongo ibiri n'ane imbere y'uko riba.

Mu gihe imigambwe myinshi isavye ikibanza kimwe co kuremesherezamwo ikoraniro, Umukuru wa komine agiha uwagisavye ubwambere.

Ingingo ya 31: Igihe co kwimenyekanisha abitoza hamwe n'imigambwe barashobora gukoresha uburyo bwa Leta bwo kumenyesha amakuru.

Inama Nkuru y'Igihugu ijejwe ivyo kumenyesha amakuru iracungera ko abitoza bose banganya umwanya wo gukoresha uburyo bwa Leta bwo kumenyesha amakuru.

Ingingo ya 32: Mu gihe co kwimenyekanisha kw'abitoza birabujije gukoresha mu buryo ubwo aribwo bwose ibitutsi canke amajambo yo gurtyoza umugambwe w'uwigurira canke y'abitoza canke abari ku rutonde rw'abitoza.

Ingingo ya 33: Mu gihe co kwimenyekanisha uburyo bwo kwimenyekanisha busa n'ubukoreshwa mu rudandazwa, ukugaba amafaranga canke ibindi bintu kugira ngo uwitoza yigarurire amajwi y'abatora birabujije.

Birabujije kandi gukoresha amatungo n'uburyo bw'ishirahamwe ryegamiye Leta, bw'urwego rw'igihugu canke bw'ishirahamwe Leta ifisemwo umutahe mu kurondera kwigarurira amajwi y'abatora.

Ingingo ya 34: Birabujije ko umukozi wa Leta uwo ariwe wese akwiragiza mu masaha y'akazi ka Leta urwandiko urwo arirwo rwose canke ikintu ico arico cose gifasha abitoza kwimenyekanisha.

Ugukwiragiza izo nzandiko uko arikwo kwose kurabujije mu mashule ya Leta n'ayo abikorera ivyabo, aba mato mato, ayisumbuye canke kaminuza.

Ingingo ya 35: Ku munsi w'amatora birabujije kwitwaza canke kwambara ibimenyetso biranga abitoza mu bibanza biriko biraberamwo amatora.

IKIGABANE CA V : IRINGANIZWA RY'AMATORA.

Ingingo ya 36: Amatora aba kw'igenekerezo ryashinzwe n'itegeko ry'Umukuru w'igihugu rirarika abazotora nk'uko bitegekanijwe mu ngingo ya 11 iri muri iki gitabu kandi

amara umunsi umwe. Atangura isaha cumi na zibiri zo mu gitondo akarangira isaha y'icumi yo ku mugoroba.

Ariko, yihweje uko ibintu bimeze, umukuru w'abahagarikiye amatora arashobora kwungururiza ico gihe co guheza amatora kw'isaha cumi na zibiri zo ku mugoroba zitarenga. Iyo ngingo iratangirwa imvo kandi ikandikwa mu cegeranyo cerekana ingene amatora yagenze.

Ingingo ya 37: Uwutora ashira ikarata yatoye mw'ibahasha iriko ikidodo n'umukono w'umurwi wigenga ujejwe gutunganya amatora mu gihugu cose.

Ayo mabahasha atangwa n'Umurwi wigenga ujejwe gutunganya amatora mu gihugu cose; ayo mabahasha ntabonerana, aba ataco arakoreshwa kandi akaba ari amwe mu gihugu cose.

Imbere y'uko amatora atangura, abahagarikiye amatora bategerezwa gusuzuma ko igitigiri c'amabahasha gikwiye kugira ngo abatora bose batore, batibagiye ko hari ayashobora kwononekara.

Ingingo ya 38: Mu gihugu cose amatora acungerwa n'Umurwi wigenga ujejwe gutunganya amatora mu gihugu cose.

Mu ntara, muri komine no ku mutumba, Umurwi wigenga ujejwe gutunganya amatora mu gihugu cose ufashwa n'imirwi yo mu ntara no mu makomine, abayigize bakaba bagenwa n'umurwi ukurira uwo barimwo.

Ku rugero urwo arirwo rwose, abagize iyo mirwi bagenwa hisunzwe ko abayigize batari mu migambwe, bava mu moko yose no mu bitsina vyose.

Baramenyeshwa iningo ibagna kandi iyo ngingo ikamanikwa ku myango y'inyubakwa umurwi wose ukoreramwo.

Mu minsi itarenga itatu kuva iyo ngingo ishizweko igikumu iramenyeshwa kandi abaserukira imigambwe mu karere bakoreramwo.

Ku rugero urwo arirwo rwose, impari zitewe n'uko abagenwe muri iyo mirwi bari mu migambwe, batava

mu moko yose no mu bitsina vyose, zishikirizwa n'ubo ariwe wese, harimwo abaserukira imigambwe umukuru w'Umurwi wigenga ujejwe gutunganya amatora ukurira umurwi witwariwe mu minsi itarenga itatu kuva habaye inama yo kumenyesha abagize imirwi abaserukira imigambwe.

Umurwi witwaweko ushinga ingingo ntabanduka mu kiringo c'iminsi ine ikurikira umunsi yabimenye-sherejweko.

Ingingo ya 39: Mu kibanza co gutoreramwo haba hari ubwiherero bumwe canke bwinshi. Ubwiherero butegerezwa gutuma uwuriko aratora ata wundi muntu abona ingene ariko aratora.

Uwutora atorera mw'isandugu yabigenewe, ukugene ayo masandugu ameze n'aho ashirwa bigategekanywa n'Umurwi wigenga ujejwe gutunganya amatora mu gihugu cose.

Ingingo ya 40: Umurwi wigenga ujejwe gutunganya amatora muri komine niwo ugena abahagarikira amatora muri komine barongowe n'umukuru wabo hakabamwo n'abafasha babiri n'ababasubirizi babo babiri, abo bose bakagenwa mu batora biyandikishije kuzotorera aho hantu, mu kubagena ntihabe uwukumirwa kubera imigambwe, amoko n'ibitsina.

Ingingo ibagena barayimenyeshwa, ikongera ikamanikwa ku miryangi y'nyubakwa batoreramwo. Iramenyeshwa kandi abaserukira imigambwe bakorera muri iyo komine mu nama yatumweko kubera ivyo n'Umurwi wigenga ujejwe gutunganya amatora muri komine.

Umuntu uwo ariwe wese harimwo n'imigambwe yitoza arashobora kwitwara ku Murwi wigenga ujejwe gutunganya amatora mu ntara mu minsi itarenga itatu kuva hagenye abahagarikira amatora muri komine kubera ko mw'igenwa ryabo, imigambwe, amoko n'ibitsina vyose bitaserukiwe. Umurwi wigenga ujejwe gutunganya amatora mu ntara ushinga ingingo

ntabanduka mu kiringo c'iminsi ine kuva ushikirijwe ibirego.

Ingingo 41: Uwitoza uwo ariwe wese, abari ku rutonde urwo arirwo rwose rw'abitoza ku giti cabonke uwitoza ku giti ciwe uwo ariwe wese, bararekuriwe kugenzura uko amatora agenda kwose, bakanaraba ko ibikoresho vy'amatora ari vyo kandi ko bikwiye kuva amatora atanguye gushika amajwi aharuwe.

Ukwo kugenzura uko amatora agenda kugirwa n'intumwa zabigenewe n'umugambwe wose, uwitoza wese canke abari ku rutonde rw'abitoza rwose. Izo ntumwa ziba zifise amakarata aziranga zahawe n'Umurwi wigenga ujejwe gutunganya amatora mu ntara.

Amazina n'amatazirano yabo, igenekerezo bavukiyeko n'aho bavukiye, aho baba canke aho bakorera bimenyeshwa Umurwi wigenga ujejwe gutunganya amatora mu ntara hasigaye n'imiburiburi iminsi mirongo ibiri ngo amatora abe.

Ingingo ya 42: Intumwa z'abitoza zirarekuriwe kwandikisha mu cegeranyo c'amatora mu kibanza cabigenewe, ivyo babonye vyose mu gihe c'amatora. Ivyo bandikishije bategerezwa kubiterako igikumu. Izo ntumwa ziraronka iyimuriro ry'ico cegeranyo.

Umukuru w'abahagarikiye amatora, ategerezwa kwandika ivyo izo ntumwa zipfuza ko vyandikwa nk'uko bitegekanijwe mu karongo ka mbere k'iyi ngingo. Atari uko, ahabwa ibihano bitegekanijwe n'iri bwirizwa.

Ivyabonye n'intumwa z'abitoza zikavyandikisha ni vyo vyonyene vyihwezwa iyo mu nyuma hagize uwushinga urubanza rwerekeye ingene amatora yagenze.

Ingingo ya 43: Umukuru w'abahagarikiye amatora niwe ashinzwe gushinga ingingo zose zikenewe kugira ngo amatora agende neza kandi mu kibanza c'amatora no hafi yaho harangwe umutekano.

Aracungera ko ata vyaha bijanye n'amatora bikorwa kandi afise ububasha bw'inyamiramabi bugarukira aho amatora abera.

Arakurikirana ivyaha vyakorewe mu kibanza c'amatora n'ibikorewe hafi yaho.

Arashobora kwikora ku bakuru b'intwaro canke b'intwaramiheto kugira bamufashe ico gikorwa.

Ingingo ya 44: Imbere yo gutangura kurangura amabanga bajejwe, abagize imirwi yigenga ijejwe gutunganya amatora hamwe n'abahagarikira amatora, bararahira biciye mu rwandiko rurungikirwa ababakurira muri ayo mabanga indahiro imeze gurtya : "Ndarahiye ko nzokwitwararika igikorwa co gucungera ko amatora agenda neza no guharura amajwi nk'uko ari ata karenganyo".

IKIGABANE CA VI: INGENE IBIKORWA VYO GUTORABIRANGURWA.

Ingingo ya 45: Amatora agitangura, umukuru w'abayahagarikiye ategerezwa kwandika isaha atanguriyeko. Arayandika no mu cegeranyo.

Iyo isaha yo gutangura amatora igeze, umwe mu bayahagarikira atarashika aca asubirizwa buno nyene mu buryo bukurikira:

1. Umukuru w'abayahagarikira amatora asubirizwa n'umwe mu bafasha abarusha imyaka y'amavuka, uwo nawe nyene agasubirizwa nk'uko biri mu karongo gakurikira;
2. Umufasha nawe asubirirwa n'umwe mu baje gutora bahari agenywe n'umukuru w'abayahagarikiye amatora.

Uwusubirira uwutahari ahakurwa n'uko uwo yasubiriye ashitse; abasubirira abandi bategerezwa kandi kurahira.

Ingingo ya 46 : Imbere y'uko amatora atangura, umukuru w'abayahagarikiye amatora arasuzuma ko amasandugu

y'amatora agaragara, akabigira hari abahagarikiye amatora, abaserukira imigambwe, abitoza canke abaserukira abitoza n'ishengero rihari.

Ingingo ya 47: Haragirwa icegeranyo cerekana ingene amatora yagenze n'ivyasuzumwe vyose nk'uko bitegekanijwe mu ngingo za 45 na 46 z'iri bwirizwa, iyimuriro ryaco rigashikirizwa abaserukira abitoza.

Ingingo ya 48: Uwutora wese, atora wenyene ubwiwe canke agatuma uwumutorera, agatorera aho yiyandikishirije ubwa nyuma.

Ingingo ya 49: Abarekuriwe gutuma ababatorera ni aba :

1. Abantu berekanye ko akazi bakora gatuma badashobora na gato kuba bari ahabera amatora;
2. Abagore bari ku nda, abarwaye n'ibimuga badashobora na gato gushika aho amatora abera kubera uko amagara yabo ameze canke kubera ubumuga bwabo.

Ubwo butumwa bubangikana n'ikarata yo gutora ya nyene gutuma uwumutorera kandi bukajako umukono w'abahagarikiye amatora.

Ingingo ya 50: Uwutorera uwundi ategerezwa kuba afise uburenganzira bwo gutora kandi aba yanditswe mu gitabu c'urutonde rw'abatora hamwe n'uwamutumye kumutorera. Arekuriwe gutorera gusa umuntu umwe rudende kandi ategerezwa kwerekana mu buryo bwose bwemewe n'amategeko ko uwamutumye kumutorera ari mu babirekuriwe nk'uko bitegekanijwe mu ngingo ya 49 y'iri bwirizwa.

Ingingo ya 51: Uwutuma uwundi kumutorera agumana uburenganzira bwo kubumwaka, akishikira we nyene ahabera amatora umunsi amatora aba.

Ingingo ya 52: Uko amatora agenda araba niko hagirwa urutonde rw'abatumwe gutorera abandi, n'urwo ababatumye. Urwo rutonde rubangikana n'icegeranyo c'ingene amatora yagenze.

Ingingo ya 53: Birabujijwe ko abatora baja ahabera amatora canke hambavu yaho bitwaje ibirwanisho canke bigize umurwi w'igitero.

Ingingo ya 54: Abajejwe umutekano ntibemererwa kuja ahariko harabera amatora canke hafi cane yaho kiretse batumweko n'umukuru w'abahagarikiye amatora.

Ingingo ya 55: Ashitse ahabera amatora, uwutora wese arereka umukuru w'abahagarikiye amatora ikarata yiwe yo gutora n'ikarata yiwe karangamuntu canke urundi rwandiko urwo arirwo rwose rwemewe n'amategeko rumuranga.

Hamaze gusuzumwa ko uwuje gutora abifitiye uburenganzira, umwe mu bahagarikiye amatora aca ashira ikimenyetso imbere y'izina ryiwe ku rutonde rw'abatora, akamuha ibahaha iriko ikidodo n'umukono w'Umurwi wigenga ujewe gutunganya amatora mu gihugu cose n'ikarata canke amakarata yo gutora y'abitoza canke y'urutonde rw'abitoza.

Hanyuma, uwutora aca atumbera ubwiherero agaca ashira mw'ibahaha, ikarata y'uwigera canke y'urutonde rw'abitoza yashimye. Hanyuma aca ashira amakarata y'abitoza atakoresheje mu mupfuko uri mu bwiherero.

Aca asubira inyuma akerekana ko afise ibahaha imwe rudende, akayinjiza mw'isandugu yo gutoreramwo abahagarikiye amatora n'ishengero rihari babona.

Ico gikorwa kirangiye, umwe mu bahagarikiye amatora aca amusiga mu kiganza canke ku rutoke rumwe irangi ritazimangana.

Abahagarikiye amatora barasuzuma ko ata n'umwe mu bahejeje gutora atahanye amakarata y'abitoza atakoresheje.

Umurwi wigenga ujejwe gutunganya amatora mu gihugu cose ni wo utegekanya ingene ukwo gusuzuma kugirwa.

Abahagarikiye amatora bakora ku buryo ibitegekanijwe muri iyi ngingo bikurikizwa.

Ingingo ya 56: Uwutora uwo ariwe wese afise ubumuga bugaragara butuma adashobora gushira mw'ibahasha ikarata y'uwitoza yashimye no kwinjiza iyo bahasha mw'isandugu ry'ugutoreramwo ararekuriwe kubifashwa-mwo n'umuntu yitoreye.

Ingingo ya 57: Uwutora, naho yoba afise ikarata yo gutora kandi akaba yanditswe ku rutonde rw'abatora nk'uko bitegekanijwe, ntashobore kwerekana ibimuranga arashobora kwemererwa gutora n'ingingo ishinzwe n'abahagarikiye amatora igihe harimwo batatu muri bo bamuzi neza.

Uwutora, afise ibimuranga bisabwa, akaba yanditswe ku rutonde rw'abatora nk'uko bitegekanijwe, ntabe afise ikarata yo gutora, abahagarikiye amatora barashobora gushinga ingingo imwemerera gutora babanje gusuzuma mu gitabo yanditswemwo.

Uwutora adafise ikarata yo gutora ntagire n'ibimuranga ntiyemererwa gutora.

Ingingo ya 58: Abatora ntibarekuriwe kuguma mu mwiherero umwanya urenze uwukenewe kugira ngo bashire mw'ibahasha ikarata y'uwitoza bashimye.

Ingingo ya 59: Amatora atanguye, abayahagarikiye bararekuriwe kuva ahabera amatora akanya gatoyi, mugabo bagakuranwa. Abasivye basubirizwa nk'uko bitegekanijwe n'ingingo ya 45 y'iri bwirizwa.

Ingingo ya 60: Amatora aheze, umukuru w'abahagarikiye amatora aratangaza ko arangiye, ari kumwe n'abafasha biwe, abaserukira imigambwe y'abitoza canke urutonde rw'abitoza hamwe n'ivyabona bitatu bitowe mu batoye

bakihari. Hanyuma aca aharura amabahasha n'amakarata y'abitoza atakoreshejwe akabipfungira hamwe agashirako ikimenyetso n'urwandiko rwerekana ibirimwo.

Ingingo ya 61: Abafasha b'umukuru w'abahagarikiye amatora, abaserukiye imigambwe, abitoza canke urutonde rw'abitoza hamwe n'umukuru w'abahagarikiye amatora baratera igikumu ku cegeranyo cemeza ko amatora yaheze.

Icegeranyo kirimwo ibi:

1. ivyaranguwe n'ivyasuzumwe imbere y'uko amatora atangura;
2. ibintu bikuru bikuru abahagarikiye amatora babonye hamwe n'ivyo bashikirijwe n'abaserukira abitoza;
3. aboba basubirijwe,
4. ibiranga abatumwe gutorera abandi n'ivyo ababatumye,
5. igitigiri c'amabahasha n'ico amakarata y'abitoza bitakoreshejwe.

IKIGABANE CA VII : IHARURA RY'AMAJWI.

Ingingo ya 62 : Abahagarikiye amatora baharurira amajwi aho amatora yabereye.

Habaye intambamyi, abahagarikiye amatora ntibashobore guharurira amajwi aho amatora yabereye baca bashinga kuyatwara ahanti baherekejwe n'abajejwe umutekano kandi bari kumwe n'abaserukira imigam- bwe, abitoza canke abagize urutonde rw'abitoza, amasandugu yatorewemwo, amabahasha n'amakarata y'abitoza bitakoreshejwe bipfungiye hamwe kandi biri ko ikimenyetso mu kibanza amajwi aharurirwamwo.

Umukuru w'abahagarikiye amatora bajejwe guharura amajwi, arakira amasandugu yatorewemwo amabahasha n'amakarata y'abitoza bitakoreshejwe, agasuzuma ari kumwe n'abafasha biwe n'abaserukira

imigambwe, abaserukira abitoza canke abagize urutonde rw'abitoza, ko ibimenyetso vyashizweko bikiriko. Haragirwa icegeranyo cavyo, iyimuriro ryaco rigahabwa abaserukira abitoza.

Ingingo ya 63 : Uguharura amajwi guca gutangura amatora akirangira kukagirirwa ahabereye amatora. Uguharura ntiguagarikwa gushika guhere. Mu guharura amajwi ari mw'isandugu imwe imwe harangurwa ibitegekanijwe mu ngingo ya 64 na 67 z'iri bwirizwa, bikenewe umukuru w'abahagarikiye amatora akagenya mu batoye bari aho bazi gusoma no kwandika bagafasha guharura amajwi bashinzwe ijisho n'abahagarikiye amatora bari kumwe n'abaserukira imigambwe, abitoza canke abagize urutonde rw'abitoza.

Ingingo ya 64 : Uguharura amajwi kugenda gurya :

1. Isandugu ryatorewemwo rirugururwa ;
2. amabahasha aravanwa mw'isandugu akaja arugururwa imwe imwe ukwayo ;
3. guharura amakarata yemeza amajwi uwitoza canke urutonde rw'abitoza baronse ;
4. guharura amakarata y'abitoza yabaye impfagusa n'amabahasha agaragara ;
5. kugira icegeranyo c'ivyavuye mu matora.

Ingingo ya 65 : Ntibiharurwa mu vyavuye mu matora kandi bifatwa nk'impfagusa :

- 1° amabahasha arimwo amakarata y'abitoza menshi;
- 2° amakarata y'abitoza atameze nk'ayategekanijwe ;
- 3° amakarata y'abitoza atari mu mabahasha canke ari mu mabahasha atameze nk'ayategekanijwe ;
- 4° amakarata y'abitoza yanditseko ibitutsi vyerekeye abitoza canke abandi bantu;

5° amabahasha arimwo ikintu ico arico cose kiri kumwe n'ikarata y'abitoza.

Ingingo ya 66: Igihe igikorwa co guharura amajwi giheze, amakarata y'abitoza angana n'amajwi y'abatoye nk'uko bitegekanijwe aca apfundikirirwa hamwe hakajako ikimenyetso cerekana igitigiri c'ibirimwo. N'amakarata y'abitoza yabaye impfagusa apfundikirwa hamwe hakajako ikimenyetso canditswe ko ijambo "IMPFAGUSA" n'igitigiri c'ibirimwo.

Ingingo ya 67: Ibivuye mu guharura amajwi biragirirwa icegeranyo gishirwako igikumu n'abahagarikiye amatora bose hamwe n'abaserukira imigambwe bahari n'abitoza ku giti cabo kandi bakerekana ibikurikira:

1. igitigiri c'abatora banditswe ku rutonde rw'abatora ;
2. igitigiri c'abatoye ;
3. ivyo ijana vy'abatoye hafatiwe ku gitigiri c'abiyandikishije ;
4. igitigiri c'amajwi yatanzwe n'ico amakarata yabaye impfagusa ;
5. ivyo ijana vy'amajwi yatanzwe hafatiwe ku gitigiri c'abatoye ;
6. kwerekana ingene abitoje barushanya amajwi hisunzwe uko itora ryose ritunganijwe ;
7. Umurwi wigenga ujejwe gutunganya amatora mu gihugu cose niwo utegekanya ingene icegeranyo c'ivyavuye mu matora kimeze.

Ingingo ya 68 : Uguharura amajwi kugihera, umukuru w'abahagarikiye amatora aca atangaza ashize ijwi hejuru ivyavuye mu matora. Ivyavuye mu matora bica bigirirwa icegeranyo gisozerwa n'umukono ushirwako n'abahagarikiye amatora.

Abaserukira imigambwe, abitoza canke urutonde rw'abitoza barafise uburenganzira bwo kwandikishamwo ivyo bashaka gushikiriza.

Ingingo ya 69 : Icegeranyo c'uguharura amajwi kigirwa mu nzandiko zine zisa, rumwe rugashingurwa n'umukuru w'abahagarikiye amatora, izindi nazo zikarungikirwa Umurwi wigenga ujejwe gutunganya amatora mu ntara, Umurwi wigenga ujejwe gutunganya amatora muri komine n'abaserukiye abitoza.

**IKIGABANE CA VIII: UGUTOROROKANYA IVYAVUYE MU
MATORA MU GIHUGU COSE N'IVYO
KWITWARA.**

Ingingo ya 70 : Umurwi wigenga ujejwe gutunganya amatora mu ntara umaze gushikiriza ivyegeranyo vyose vy'ivyavuye mu matora mu makomine yose uca uharurira amajwi yo muri iyo ntara ku murwa mukuru wayo, Umukuru w'uwo murwi agaca abitanganza. Haragirwa icegeranyo cavyo, iyimuriro ryaco rigaca rirungikirwa buno nyene Umukuru w'Umurwi wigenga ujejwe gutunganya amatora mu gihugu cose.

Abaserukira imigambwe, abitoje canke urutonde rw'abitoje barafise uburenganzira bwo gushikiriza ivyo boba babonye.

Umukuru w'Umurwi wigenga ujejwe gutunganya amatora mu ntara ararungikira Umukuru w'Umurwi wigenga ujejwe gutunganya amatora mu gihugu cose ata handi biciye icegeranyo n'inzandiko bijana.

Ingingo ya 71 : Akironka ivyegeranyo bivuye mu ntara yose, Umurwi wigenga ujejwe gutunganya amatora mu gihugu cose uca uharura amajwi yose, umukuru w'uwo murwi agaca ayatangaza vy'imfatakibanza.

Abaserukira imigambwe, abitoza canke urutonde rw'abitoza barafise uburenganzira bwo kumenyesha ivyo boba barabonye.

Ingingo ya 72 : Iyo ari amatora yabereye ku mitumba, Umurwi wigenga ujejwe gutunganya amatora muri komine uraharura amajwi ukironka ivyegeranyo bivuye ku mitumba yose,

Umukuru w'uwo murwi agaca ayatangaza vy'impatafakibanza.

Umuntu uwo ariwe wese abikeneye arafise uburenganzira bwo kumenyesha ivyo yoba yipfuza gusaba.

Uwoba akeneye kwitwara abishikiriza Umurwi wigenga ujejwe gutunganya amatora muri komine mu kiringo c'iminsi y'imirimo ine ikurikira itangazwa ry'amajwi vy'impatafakibanza. Umurwi wigenga ujejwe gutunganya amatora muri komine ushinga ingingo mu kiringo c'iminsi itandatu ikurikira kandi iyo ngingo ntityitwarirwa. Ibiharuro ntabanduka vy'ivyavuye mu matora biratangazwa kandi birungikirwa Umurwi wigenga ujejwe gutunganya amatora mu ntara.

Ingingo ya 73 : Iyo ari amatora y'abajenama b'amakomine, Umurwi wigenga ujejwe gutunganya amatora mu ntara, ukironka ivyegeranyo bivuye mu makomine yose uraharura amajwi Umukuru w'uwo murwi akayatangaza vy'impatafakibanza.

Abaserukira imigambwe, abitoza canke urutonde rw'abitoza barafise uburenganzira bwo kumenyesha ivyo boba basaba.

Ivyoba vyitwarirwa bishikirizwa Umurwi wigenga ujejwe gutunganya amatora mu ntara mu kiringo c'iminsi y'imirimo ine ikurikira itangazwa ry'amajwi vy'impatafakibanza. Umurwi wigenga ujejwe gutunganya amatora mu ntara ushinga ingingo mu kiringo c'imisi y'imirimo itandatu ikurikira kandi iyo ngingo ntityitwarirwa. Ibiharuro ntabanduka vy'ivyavuye mu matora biratangazwa kandi bikarungikirwa Umurwi wigenga ujejwe gutunganya amatora mu gihugu cose.

Ingingo ya 74 : Umurwi wigenga ujejwe gutunganya amatora mu gihugu cose uragira urwandiko rwerekana ingene amatora yagenze mu gihugu cose ugaca ubimenyesha abanyagihugu.

Ingingo ya 75 : Umurwi wigenga ujejwe gutunganya amatora mu gihugu cose uca urungikira ivyavuye mu matora

Sentare yubahiriza Ibwirizwa Shingiro nayo igasuzuma ko amatora yabaye nk'uko amategeko abitegekanya.

Ingingo ya 76 : Sentare yubahiriza Ibwirizwa Shingiro iratangaza icese ivyavuye mu matora mu kiringo kitarenga umunsi ugira kane kuva ubirungikiwe.

Ingingo ya 77 : Imbere yo gutangaza icese ivyavuye mu matora, Sentare yubahiriza Ibwirizwa Shingiro imaze kubona inzandiko yashikirijwe n'Umurwi wigenga ujejwe gutunganya amatora mu gihugu cose irasuzuma ko amatora yabaye nk'uko bitegekanijwe n'amategeko haba ingene yagenze, ingene amajwi yaharuwe n'ivyayavuyemwo.

Ingingo ya 78 : Iyo Sentare yubahiriza Ibwirizwa Shingiro isanze harabaye ukwhihenda ku biharuro ica ibigorora.

Ingingo ya 79 : Iyo Sentare yubahiriza Ibwirizwa Shingiro isanze hari utunenge nahe tutoba dufatiye ku kwhihenda ku biharuro ariko kubera ko nahe tudahambaye kandi tukaba na duke, twagize inkurikizi iboneka ku vyavuye mu matora, iradutororokanya tukajana n'icegeranyo gitangaza ivyavuye mu matora ikarungikira Umurwi wigenga ujejwe gutunganya amatora mu gihugu cose iyimuriro ryavyo.

Ingingo ya 80 : Iyo Sentare yubahiriza Ibwirizwa Shingiro isanze harabayemwo amakosa ahambaye yatumye ivyavuye mu matora bihushana cane n'uko vyategerezwa kuba, irafuta ivyavuye mu matora vyose canke bimwe muri vyo.

Ugufuta bimwe bimwe mu vyavuye mu matora kwerekana gusa ahabereye amatora Sentare yubahiriza Ibwirizwa Shingiro yasanze habaye amakosa canke ahaharuriwe amajwi bigatorwamwo ayo makosa.

Ingingo ya 81 : Iyo hakurikijwe ibitegekanijwe mu ngingo ya 80 y'iri bwirizwa, Umukuru wa Sentare yubahiriza Ibwirizwa Shingiro aca arungikira Umukuru w'igihugu, abitoje, Umushikiranganji w'intwaro yo hagati mu gihugu n'Umurwi wigenga ujejwe gutunganya amatora mu gihugu cose iyimuriro y'ingingo ifuta ivyavuye mu matora.

Umunsi wo gusubiramwo amatora, ategerezwa kuba mu kiringo c'iminsi cumi n'itanu ukurikira ingingo ifuta ivyavuye mu matora, ushingwa n'itegeko ry'Umukuru w'igihugu rishinga kandi, igihe hafuswe bimwe bimwe mu vyavuye mu matora, ibibanza vy'aho abahamagariwe gusubira gutora bazotoreramwo. Ntawurekuriwe kwitoza atari yaritoje.

Ingingo ya 82 : Igihe Sentare yubahiriza Ibwirizwa Shingiro isanze amatora yabaye nk'uko amategeko abitunganya canke yasubiwemwo mu gihugu cose canke hamwe hamwe, ica itangaza icese ivyavuyemwo.

Ingingo ya 83 : Sentare yubahiriza Ibwirizwa Shingiro niyo ica imanza z'abitwariye amatora y'Umukuru w'igihugu, ayo abashingamateka n'ayo abakenguzamateka n'ayo kugisha inama abanyagihugu biciye mu matora.

Ingingo ya 84 : Sentare yubahiriza Ibwirizwa Shingiro yakira gusa ibirego biri mu rwandiko. Urwo rwandiko rtegerezwa gushikirizwa iyandikiro ry'imanza ry'iyo Sentare mu kiringo c'iminsi cumi ikurikira itangazwa ry'ivyavuye mu matora.

Uburenganzira bwo guhakana ivyavuye mu matora ni ubwo abantu bose banditswe ku rutonde rw'abatora mu bibanza amatora yabereyemwo hamwe n'abantu bari bitoje.

Ingingo ya 85 : Urwandiko rw'uwitwara rtegerezwa kuba ruriko izina n'amatazirano, uwitwara uwo ariwe n'aho afise urugo rukuru, amazina y'abatowe mu matora yitwariwe n'ivyo

uwitwaye yishimikiza mu gusaba ko ivyavuye muri ayo matora bifutwa.

Uwitwara ategerezwa kubangikanya n'urwandiko rw'imburano ziwe ivyo vyose bizishigikira, sentare ikaba ishobora kumuha ikiringo co kuyishikiriza bimwe bimwe muri ivyo. Uwitwara ntatangishwa amagarama. Ukwitwara ntokubuza ko ivyavuye mu matora biba biremerwa.

Ingingo ya 86 : Sentare ishinga ingingo mu kiringo c'iminsi umunani.

IGICE CA III: ININGO ZIJANYE N'AMATORA YO MU MAKOMINE N'AYO KU MITUMBA.

IKIGABANE CA MBERE: ININGO NKURU NKURU.

Ingingo ya 87 : Amategeko ari muri iki kigabane ashinga ingingo ngenderwako zerekeye gutora abajenama bo ku mitumba canke bo mu ma kartiye, abakuru b'imitumba canke ab'amakartiye hamwe n'abajenama b'amakomine n'abasitanteri.

Ingingo ya 88: Hatirengagijwe ibitegekanijwe muri iki kigabane, amategeko ari mu kigabane ca kabiri c'iri bwirizwa arakurikizwa ku matora yo ku mitumba canke ayo mu makartiye n'ayo mu makomine.

Ingingo ya 89: Umurwi wigenga ujejwe gutunganya amatora mu gihugu cose niwo uringaniza amatora mu makomine no ku mitumba.

**IKIGABANE CA II: AMATORA Y'INAMA ZO KU MITUMBA CANKE
ZO MU MAKARTIYE, AYO ABAKURU
B'IMITUMBA CANKE ABAKURU
B'AMAKARTIYE.**

Ingingo ya 90: Umutumba canke kartiye nk'uko bitomowe n'bwirizwa rigenga amakomine birongorwa n'inama y'umutumba canke inama ya kartiye n'umukuru w'umutumba canke wa kartiye.

Uwuri mu nama yo ku mitumba canke ya kartiye yitwa umujenama wo ku mutumba canke wo muri kartiye.

Ntawurekuriwe kuba, mu kiringo kimwe, mu nama y'umutumba canke ya kartiye irenga imwe.

Ingingo ya 91: Inama yo ku mutumba canke ya kartiye igizwe n'abantu batanu bitorewe n'ababa kuri uwo mutumba canke muri iyo kartiye babifitiye uburenganzira.

Umujenama yarushije abandi amajwi niwe aba umukuru w'umutumba canke wa kartiye.

Mu matora ya mbere, abajenama bo ku mitumba canke bo mu makartiye ntibatorwa hisunzwe imigambwe, abitoza bose babigira ku giti cabo.

Ingingo ya 92: Uwitoza canke uwumuserukira abimenyeshereza aho umurwi wigenga ujejwe gutunganya amatora muri komine ukorera.

Ingingo ishingwa n'Umurwi wigenga ujejwe gutunganya amatora mu gihugu cose niwo utegekanya ingene abitoza kuba abajenama ku mitumba canke mu makartiye babigenza.

Ingingo ya 93: Uwitoza ngo abe umujenama ku mutumba canke muri kartiye ategerezwa :

- kuba ari umurundi;
- kuba afise urugo kuri uwo mutumba canke muri iyo kartiye canke akaba ariho asanzwe aba;

- kuba afise imyaka 25 y'amavuka yuzuye umunsi w'itora.

Ingingo ya 94: Amabanga ajejwe Umurwi wigenga ujejwe gutunganya amatora mu ntara ategekanijwe n'iri bwirizwa arangurwa n'Umurwi wigenga ujejwe gutunganya amatora muri komine.

Ingingo ya 95: Mu gihe co kwimenyekanisha, Umurwi wigenga ujejwe gutunganya amatora muri komine urariganiza, ubifashijwe n'abahagarikiye amatora ku mitumba canke mu makartiye, amanama yerekeye amatora abitoza biyereka abanyagihugu kandi bakabamenyesha iviyumviro vyabo bijanye n'amatora n'imigambi bishinze kubarangurira.

Amakoraniro yerekeye amatora aciye kubiri n'ibitegekanijwe muri iyi ngingo arabujijwe.

Ingingo ya 96: Hamaze kurangurwa ibitegekanijwe mu karongo ka mbere k'ingingo ya 55 y'iri bwirizwa, umwe mu bahagarikiye amatora aherezza uwutora ikarata y'ugutora iriko ikidodo n'umukono vy'Umurwi wigenga ujejwe gutunganya amatora mu gihugu cose. Aca agenda buno nyene mu bwiherero akandika ku rutonde rw'inyuma rw'iyo karata amazina atatu atoye mu mazina y'abitoza. Uwutora atazi kwandika ararekuriwe kwibangikanya uwumwandikira yitoreye.

Hanyuma aca agaruka akereka abahagarikiye amatora ko afise ikarata imwe rudende akabereka uruhande ruriko ca kidodo na wa mukono.

Mu guheza arinjiza iyo karata mw'isandugu ry'ugutora abahagarikiye amatora n'ishengero rihari babona. Ikarata iyo ariyo yose yo gutora iriko amazina arenga atatu ifatwa ko ari impfagusa.

Ingingo ya 97: Uwitoza izina ryiwe rikaba ryanditse kuri iyo karata yo gutora aronka ijwi rimwe rudende aho riba riri hose ku rutonde rw'amazina yanditsweko.

Ingingo ya 98: Abatangazwa ko batowe n'abitoje batanu barushije abandi amajwi.

Igihe hari abitoje banganije amajwi uwubarusha imyaka y'amavuka niwe aba atowe igihe basangiye ibitsina; iyo badasangiye ibitsina, uwuri mu murwi w'igitsina c'abataserukiwe bikwiye niwe aba atowe.

Ingingo ya 99: Umurwi wigenga ujejwe gutunganya amatora muri komine niwo utangaza icese ivyavuye mu matora yo ku mitumba no mu makartiye.

Ingingo y'100: Ikiringo umujenama wo ku mutumba canke wo muri kartiye gitangura umunsi ashikirijwe ayo mabanga kikarangira haheze imyaka itanu.

Ico kiringo gishobora kurangira imbere y'igihe gitegekanijwe bivuye ku rupfu, gutanga imihoho, amagara make, ubumuga, ugukurwa mu mabanga kubera ko uwujewe ayo mabanga atagikwije ibisabwa n'amategeko kugira ngo atorwe canke habonetse igituma atotorerwa ayo mabanga ivyo vyose bikemezwa n'inama ya komine.

Ingingo 101: Iyo bigaragaye ko mu nama y'umutumba canke ya kartiye hari umujenama atakiri muri urwo rwego asubirirwa n'uvari yitoje arusha abandi amajwi mu batari bayakwije kiretse iyo nawe nyene yatakaje uburenganzira bwo kwitoza.

N'igihe umukuru w'umutumba canke wa kartiye atakirangura ayo mabanga aca asubirirwa n'uwanukurikira mu majwi igihe bitoza.

Umukuru wa komine abisabwe n'abari mu nama y'umutumba canke ya kartiye niwe yemeza ko abo bajenama batakirangura amabanga bajejwe.

Ingingo ya 102: Uwasubirijwe mu nama y'umutumba canke ya kartiye ntashobora gusubira muri ayo mabanga hatabaye ayandi matora ngo atorwe.

Ingingo ya 103: Abafise ivyo banegura ku vyavuye mu matora yo ku mitumba no mu makartiye babishikiriza Umurwi wigenga ujejwe gutunganya amatora mu ntara, nawo ugashinga ingingo ataho yungururizwa.

IKIGABANE CA III: AMATORA Y'INAMA YA KOMINE NA MUSITANTERI.

Ingingo ya 104: Komine irongowe n'inama ya komine na Musitanteri.

Inama ya komine igizwe n'abantu mirongo ibiri na batanu. Batorwa n'ababa muri komine bafise uburenganzira bwo gutora ku rutonde rw'abitoza bashikirijwe n'imigambwe canke bitoza ku gitit cabot hakurikijwe uko barushanya amajwi. Urutonde rwose rw'abitoza rtegerezwa kuba ruriko abo mu moko yose n'ibitsina vyose.

Urutonde rwose ruba ruriko n'imiburiburi amazina y'abitoza mirongo ibiri na batanu ariko batarenga mirongo itanu.

Ariko, bibonetse ko mu nama ya komine, amoko yose y'abashobora gutora ataserukiwe bikwiye, Umurwi ujejwe gutunganya amatora mu gihugu cose urashobora gutegeka ko hagenwa abari muri ayo moko ataserukiwe bikwiye, ariko abo bagenywe ntibarenge kimwe ca bitanu c'abagize urwo rwego.

Abo bantu bo kugena batorwa n'Umurwi wigenga ujejwe gutunganya amatora mu gihugu cose bakava ku rutonde rwose rw'abatowe ku gitigiri kingana hakurikijwe ingene urutonde rwarushanje amajwi.

Nta n'umwe arekuriwe kuba ari mu nama za komine zibiri canke zirenga.

Ingingo ya 105: Uwitoza ngo abe umujenama wa komine ategerezwa:

- kuba ari umurundi,
- kuba ari imvukira w'iyo komine, akaba ariho afise urugo rukuru, ayiturukamwo, akaba amaze n'imiburiburi imyaka itanu ahaba iyo ari ikomine itari

mu gisagara, n'imiburiburi umwaka umwe iyo ari ikomine yo mu gisagara. Ariko, abasanzwe bataba muri iyo komine, igitigiri cabo ntigishobora kurenga 50% vy'abagize inama y'iyo komine. Barenze ivyo bice vy'a 50%, Umurwi wigenga ijewje gutunganya amatora mu gihugu cose uca ubasubiza kuri ico gitigiri;

- kuba afise imyaka 25 y'amavuka yuzuye ku munsi w'amatora;
- kuba afise amagara meza, kuba yigenza neza mu buzima bwiwe;
- kuba afise uburenganzira bwo gutora;
- kuba afise amateka yose ajanye n'ubwenegihugu;

Kandi, iyo uwitoza yamaze gucirwa igihano co gupfungwa kubera icaha gihanishwa umunyororo utarenza imyaka itanu agahanishwa umunyororo ungana canke urenza amezi atandatu, ategerezwa kuba amaze n'imiburiburi imyaka ibiri arangije ico gihano.

N'yo yaciriwe igihano co gupfungwa ku caha ginahishwa gufungwa imyaka irenga itanu, agahanishwa umunyororo ungana canke urenza imyaka itanu, ategerezwa kuba amaze n'imiburiburi imyaka itanu arangije ico gihano.

Ingingo ya 106: Hakurikijwe ibitegekanijwe mu ngingo ya 55 y'iri bwirizwa, uwutora yinjiza mw'ibahasha ikarata y'ugutora y'abari ku rutonde rw'abitoza yashimye.

Ingingo ya 107: Uwitoza mu nama ya komine abimenyesha Umurwi wigenga ujejwe gutunganya amatora mu ntara abicishije ku mugambwe wiwe, canke akabimenyesha we nyene canke aciye ku ntumwa yiwe.

Umurwi wigenga ujejwe gutunganya amatora mu gihugu cose urashinga ingingo itegekanya ingene abashaka kwitoza babigenza.

Ingingo ya 108: Intebe zigaburwa hakurikijwe ingene urutonde rw'abitoje rwarushanije amajwi.

Urutonde rw'abitoza rutashikanye amajwi ashika 2% ku rwego rwa komine rumaze kuvanamwo, intebe zica zigaburirwa abasigaye mw'ihiganwa.

Ingingo ya 109: Umurwi wigenga ujejwe gutunganya amatora mu ntara ni wo utangaza ivyavuye mu matora muri komine.

Ingingo ya 110: Intebe zigaburwa muri ubu buryo:

1. amajwi yose y'abatoye muri komine agaburwa n'igitigiri c'intebe zitegekanirijwe na komine,
2. amajwi urutonde rwose rwaronse aca agaburwa n'igitigiri catowe muri ubwo buryo bwa mbere, urutonde rwose rugaca ruronka intebe, igitigiri cazo kingana n'ikivuye mu kugabura amajwi rwaronse kuri ca gitigiri catowe mu buryo bwa mbere;
3. intibe zitagabuwe zica zihabwa urutonde rw'abitoje ruri mw'ihiganwa hakurikijwe ingene amajwi asigaye arutana.

Ingingo ya 111: Ikiringo abari mu nama ya komine bamara muri ayo mabanga gitangura kuva umunsi bayashikirizwa kikarangira haheze imyaka itanu.

Umujenama wa komine arashobora kuvanwa muri ayo mabanga ico kiringo kitrahera kubera urupfu, atanze imihoho, kubera amagara make, ubumuga, kubera ko atakaje uburenganzira bwo kwitoza canke habonetse igituma adashobora kwitoza, yahawe igihano co gupfungwa amezi atandatu canke arenga, yasivye ata mvo ishemeye afise amanama atatu akurikirana.

Ingingo ya 112: Mu gihe hari umujenama wa komine yavuyemwo, asubirirwa n'uwigitoje basangiye ubwoko amukurikira mu majwi yahawe urwo rutonde, igihe ari uwugenwa.

Abisabwe n'umukuru w'inama ya komine nk'uko bitegekanijwe mu ngingo ya 115 y'iri bwirizwa, Bulamatari w'intara canke Umukuru w'igisagara niwe

yemeza ko umujenama wa komine atakiri muri ayo mabanga.

Umujenama wa komine yamaze gusubirizwa ntashobora gusubizwa muri urwo rwego kiretse iyo habaye ayandi matora agatorwa.

Ingingo ya 113: Uwitwarira ivyavuye mu matora muri komine abishikiriza Umurwi wigenga ujejwe gutunganya amatora mu ntara ugashinga ingingo ataho yungururizwa.

Ingingo ya 114: Mu gihugu cose nta bwoko na bumwe buzoserukirwa n'ibice birenga 67% vy'abasitanteri.

Umurwi wigenga ujejwe gutunganya amatora mu gihugu cose niwo ujejwe kwubahiriza ikurikizwa ry'iyi ngingo.

Kugira ngo iyi ngingo ikurikizwe, amatora y'inama z'amakomine aheze, Umurwi wigenga ujejwe gutunganya amatora mu gihugu cose uca ugirisha inama imigambwe iserukiwe muri izo nama kugira ngo amoko yose n'ibitsina vyose biserukirwe.

Ingingo ya 115: Iyo mibonano iheze, inama ya komine irakorana mu nama yarwo ya mbere kugira ngo yitoremwo Musitanteri nk'uko vyashinzwe n'Umurwi wigenga ujejwe gutunganya amatora mu gihugu cose zerekeye ingene amoko n'ibitsina biserukirwa.

Muri iryo koraniro nyene, urwo rwego ruritoreramwo Umukuru warwo n'icegera ciwe.

Ayo matora aba mu mwiherero acungerewe n'intumwa y'Umurwi wigenga ujejwe gutunganya amatora mu ntara. Iryo koraniro rirongorwa n'umujenama wa komine arusha abandi imyaka y'amavuka.

Ingingo ya 116: Umukuru w'inama ya komine, icegera ciwe na Musitanteri bategerezwa kuba barahejeje n'imiburiburi igice ca mbere c'amashule yisumbuye.

Ingingo ya 117: Umukuru w'inama ya komine, icegera ciwe na Musitanteri batorwa barengeje igice c'amajwi y'abatoye.

Iyo badashikanye ayo majwi mw'itora rya mbere, haca haba amatora agira kabiri. Basubiriye kudashikana ayo majwi, haca haba amatora agira gatatu aho babiri ba mbere bari barushije abandi amajwi aribo bonyene bitoza. Muri iryo tora rya gatatu, uwarushije uwundi amajwi niwe aba atowe.

Ingingo ya 118: Intumwa y'Umurwi wigenga ujejwe gutunganya amatora mu ntara niyo iwushikiriza ivyerekeye Musitanteri yatowe kugira agenwe n'itegeko ry'Umukuru w'igihugu.

Ingingo ya 119: Umukuru w'inama ya komine, icegera ciwe na Musitanteri batorerwa ikiringo cageneewe inama ya komine.

Ariko, barashobora kuvanwa muri ayo mabanga ico kiringo kitarahera nk'uko bitegekanijwe n'ingingo z'ibwirizwa rigenga amakomine.

Ingingo ya 120: Mu gihe Musitanteri atakiri muri ayo mabanga, iyo nama ya komine iratora, mu kiringo c'iminsi mirongo itatu Musitanteri mushasha akarangiza ikiringo co kurongora komine cageneewe uwo yasubiriye.

Mu gihe Musitanteri mushasha ataratorwa aba arasubiriwe n'umujenama wa komine ajejwe ivy'intwarz n'imibano.

Ingingo ya 121: Igihe umukuru w'inama ya komine atakiri mu mabanga ajejwe, mu kiringo c'iminsi 30 abari muri urwo rwego baca batora umukuru mushasha w'urwo rwego nawe akarangiza ikiringo c'uwo yasubiriye. Muri ico kiringo icegera c'umukuru w'inama ya komine niwe arongora vy'impatafakibanza inama ya komine.

Ingingo ya 122: Igihe icegera c'umukuru w'inama ya komine atakiri mu mabanga ajejwe, mu kiringo c'iminsi 30, abari muri urwo rwego baca batora icegera gishasha c'umukuru

w'inama ya komine nawe akarangiza ikiringo c'uwo yasubiriye.

Ingingo ya 123: Abisabwe na Bulamatari w'intara canke Umukuru w'igisagara, Umushikiranganji w'intwaro yo hagati mu gihugu niwe yemeza ko umukuru w'inama ya komine, icegera ciwe canke Musitanteri atakiri mu mabanga ajejwe.

Ingingo ya 124: Uwitwarira ivyavuye mu matora yo muri komine abishikiriza Umurwi wigenga ujejwe gutunganya amatora muri komine nawo ugashinga ingingo ataho yungururizwa.

IGICE CA IV:

**INGINGO ZIHARIJWE N'AMATORA
Y'ABASHINGAMATEKA.**

IKIGABANE CA MBERE: **UTURERE DUSERUKIRWA, IGITIGIRI
C'ABASHINGAMATEKA N'IKIRINGO
BAMARA MURI AYO MABANGA.**

Ingingo ya 125: Hatirenganijwe ibitegekanijwe muri iki kigabane, amategeko ari mu kigabane ca kabiri c'iri bwirizwa aguma akurikizwa ku vyerekeye amatora y'abashingamateka.

Ingingo ya 126: Uko intara z'igihugu zingana niko uturere tuberamwo amatora y'abashingamateka tungana, igisagara ca Bujumbura kigafatwa nk'intara.

Ingingoya 127: Abagize Inama Nshingamateka bitwa Abashingamateka.

Ingingo ya 128: Itegeko ry'Umukuru w'igihugu rirarika amatora niryo rishinga igitigiri c'abashingamateka batorwa mu ntara hisunzwe uko abanyagihugu bahaba bangana.

Mu kumenya igitigiri c'abantu bose baba mu ntara imwe imwe bafatira kw'itohozwa ry'abantu baba mu gihugu cose riheruka kugirwa, bishobotse rikaba ryarunganiwe n'ababijejwe nko mu gufatira ku kugene abantu biyongera ku mwaka ku mwaka baravye imyaka ihaciye iharurwa ry'abanyagihugu ribaye.

Ingingo ya 129: Inama Nshingamateka irimwo n'imiburiburi Abashinamateka 100, barimwo ibice 60% b'abahutu na 40% b'abatutsi muri abo bose hakaba harimwo abakenyezi babaye bake bakaba 30% bitorerwa n'abanyagihugu bafise uburenganzira bwo gutora hisunzwe urutonde rudahinduka ruringanijwe ku buryo mu bitoza batatu bakurikirana ku rutonde rumwe babiri gusa baba basangiye ubwoko kandi n'imiburiburi umwe kuri bane aba ari umukenyeyezi.

Igihe ibivuye mu matora bidashikije ivyo ijana bitegekanijwe muri ako karongo ka mbere, Umurwi wigenga ujejwe gutunganya amatora mu gihugu cose uca ugorora ibidatumbereye ubonye ugatora ku rutonde rwose rw'imigambwe n'urwo abitoje ku giti cabobashikanye 5% vy'abatoye igitigiri kingana c'Abashingamateka bongerwamwo bava mu bwoko canke igitsina bitaserukiwe bikwiye kugira ngo uguserukirwa kw'amoko n'ibitsina bikwire.

Igenwa ryabo rigirwa n'Umurwi wigenga ujejwe gutunganya amatora mu gihugu cose ubanje kuja inama n'imigambwe vyerekeye kandi ukubahiriza urukurikirane rwagizwe rwerekeye urutonde rudahinduka rw'abitoza, ugacungera ko amoko yose aserukirwa mu ntara zose bishoboka kugirwa zabereyemwo amatora.

Umurwi wigenga ujejwe gutunganya amatora mu gihugu cose uragena kandi abashingamateka batatu b'abatwa batava mu ntara imwe. Ariko mu matora ya mbere yonyene igihe gusa hari umugambwe warengeje ibice bitatu kuri bitanu vy'intebe vyavuye mu matora y'abanyagihugu, igitigiri c'abashingamateka bongerwamwo kiva kuri 18 gushika kuri 21 bagenwa n'Umurwi wigenga ujejwe gutunganya amatora mu gihugu cose ugafata igitigiri kingana ku rutonde

rw'abitoje rwashikanye n'imiburiburi 2% vy'amajwi canke ugatora abashingamateka babiri ku rutonde rwose igihe hari imigambwe n'urutonde rw'abitoje ku gititabo birenga indwi vyashikanye ivyo bice.

Ingingo ya 130: Ikiringo Inama Nshingamateka imara n'igihe kingana n'imyaka yashinzwe ngo irangure amabanga yayo.

Ico kiringo gitangura umunsi Sentare yubahiriza Ibwirizwa Shingiro itangaje icese ivyavuye mu matora kikarangira haheze imyaka itanu.

Ingingo ya 131: Mu nama yayo yambere ikorana umunsi wa mbere w'imirimo ukurikira umunsi ugira indwi kuva Sentare yubahiriza Ibwirizwa shingiro yemeje itorwa ryayo, Inama Nshingamateka iremeza amategeko yerekana ingene yitunganiriza imirimo yayo, agatomora ingene iringanijwe n'ingene ikora. Iragena abayirongoye bagizwe n'Umukuru wayo, n'ivyegera vyiwe bingana n'uko imirwi iri mu Nama Shingamateka ingana.

Igitigiri c'imirwi igize Inama Nshingamateka gishingwa n'itegeko ryerekana ingene urwo rwego rwitunganiriza imirimo yarwo.

Ikiranga umurwi w'abarongoye Inama Nshingamateka n'uko baturuka mu migambwe myinshi n'ubwoko n'ibitsina biserukiwe. Iyo nama ya mbere ihagarikirwa n'Umushingamateka arusha abandi imyaka y'amavuka.

Abarongora Inama Nshingamateka batorerwa ikiringo urwo rwego rumara nk'uko bishingwa n'itegeko ryerekana ingene rwitunganiriza imirimo yarwo.

Ariko abarongoye Inama Nshingamateka barashobora kuvanwa mu mabanga yabo ikiringo cagenewe urwo rwego kitararangira hisunzwe amategeko yerekana ingene rwitunganiriza imirimo yarwo.

Ingingo ya 132: Ikiringo Umushingamateka amara mu mabanga gishobora kurangira imbere y'uko igitegekanijwe gihera, bitumwe n'ibikurikira:

Inama Nshingamateka ibogojwe, Umushingamateka asandavye, atanze imihoho, amugaye canke asivye ata

mvo ikwiye mu bice birenga ica kane c'amanama aba igihe ikoranye, canke akuwe mu mabanga kubera yatakaje kimwe mu bisabwa kugira ashobore kwitoza canke habonetse ikintu gituma adashobora kwitoza.

Ikiringo gishobora kandi kurangira bitumwe n'uko habonetse ibituma vyerekana ko ivyo ajejwe bidashobora kubangikana n'amabanga y'Umushingamateka nk'uko bitegekanijwe n'ingingo za 138,140 na 141 z'iri bwirizwa.

Ingingo ya 133: Igihe umushingamateka asandavye, atanze imihoho, akitswe n'amagara canke amugaye bikemezwa na Sentare yubahiriza Ibwirizwa Shingiro ibisabwe n'abarongoye Inama Nshingamateka aca asubirizwa n'uwumukurikira mu majwi agezweko, bikenewe bakaba bassangiye ubwoko canke igitsina kugira amoko n'ibitsina bigume biserukiwe bikwiye ku rutonde rw'abatowe muri iyo ntara.

Urwandiko rwagizwe n'abaganga batatu babigenewe n'Umushikiranganji w'ukubungabunga amagara y'abantu abisabwe n'abarongoye Inama Nshingamateka ni rwo rutuma vyemezwa ko Umushingamateka atagishobora kurangura amabanga ajejwe kuko akitswe n'amagara.

Umushingamateka vyemejwe ko atagishobora kurangura amabanga ajejwe kubera akitswe n'amagara aca asubirizwa buno nyene.

Ingingo ya 134: Igihe Umushingamateka asivye ata mvo zishemeye afise mu bihe birenga igice kimwe ca bine vy'amanama y'ikoraniro risanzwe ry'Inama Nshingamateka, abayirongoye baratohoza ivyo bashitseko bigaca birungikirwa Sentare yubahiriza Ibwirizwa Shingiro kugira ngo ishinge ingingo.

Sentare yubahiriza Ibwirizwa Shingiro imaze kwemeza ko uwo Mushingamateka yakosheje aca asubirizwa buno nyene.

Ingingo ya 135: Ivyavuye mu matora bimaze gutangazwa icese, hakaboneka ivyemeza ko umushingamateka atari afise uburenganzira bwo kwitoza muri ayo mabanga canke mu gihe akiri muri ayo mabanga habonetse ikintu gituma atakaza uburenganzira bwo kwitora nk'uko bitegekanijwe muri iri bwirizwa canke iyo aciriwe igihano co gupfungwa amezi abiri canke arenga aca avanwa mu mabanga y'abashingamateka.

Ibisabwe n'abarongoye Inama Nshingamateka canke umuntu uwo ariwe wese abikeneye, Sentare yubahiriza Ibwirizwa Shingiro niyo yemeza ko umushingamateka yavanywe muri ayo mabanga. Umunshingamateka akuwe mu mabanga aca asubirirwa buno nyene n'uwo bakurikirana mu majwi ku rutowe rw'abitoje nk'uko ingingo ya 145 y'iri bwirizwa ibitegekanya.

Ingingo ya 136: Ibitegekanijwe mu ngingo ya 135 y'iri bwirizwa birakurikizwa ku basubirira abitoje.

IKIGABANE CA II: AMABANGA Y'ABASHINGAMATEKA N'IBITABANGIKANYWA NA YO.

Ingingoya 137: Abashingamateka baserukira igihugu cose, ntibaserukira ababatoye gusa.

Ingingo ya 138: Umushingamateka ntabangikanya iryo banga n'ayandi mabanga y'igihugu aba ayo ashingwa biciye mu matora canke bitayaciemwo.

Umukozi wa Leta uwo ariwe wese, agengwa n'amategeko yerekeye abakozi ba Leta canke yagiranye amasezerano y'akazi na Leta, atowe ngo abe Umushingamateka aca abangira kurangura amabanga ya Leta.

Ingingo ya 139: Hirengagijwe ibitegekanijwe mu ngingo ya 138 y'iri bwirizwa, abigisha mu mashule kaminuza hamwe n'abatowe kurangura amabanga mu nzego z'imitumba n'amakomine kiretse umukuru wa komine, barashobora kuyabangikanya n'amabanga y'umushingamateka.

Ingingo ya 140: Uwurangura amabanga ashinzwe n'ikindi gihugu canke ishirahamwe mpuzamakungu nawe nyene ntarekuriwe kuyabangikanya n'amabanga y'abashingamateka.

Ingingo ya 141: Umushingamateka agenywe ngo arangure amabanga ya Leta canke akazi ako ariko kose ahemberwa na Leta, ikindi gihugu canke ishirahamwe mpuzamakungu akavyemera aca ahagarika kurangura amabanga y'umushingamateka kandi aca asubirizwa.

Ingingo ya 142: Umushingamateka ashinzwe umurimo mu yitegekanijwe mu ngingo ya 141 y'iri bwirizwa arashobora gusubira mu mabanga y'Abashingamateka iyo atakibimuza kandi ikiringo yatorewe kitararangira.

Ingingo ya 143: Mu manza zamatati n'izerekeye ubudandaji, umushingwamanza yatowe ngo abe umushingamateka ntarekuriwe kuburanira no gutegurira imburano ababuranya Leta, amakomine n'amashirahamwe ya Leta.

Ingingo ya 144: Umushingamateka uwo ariwe wese arangura umurimo utabangikanywa n'amabanga ajejwe afatwa nk'uko yatanze imihoho ntikibuze ko n'ibitegekanijwe mu ngingo ya 135 y'iri bwirizwa bikurikizwa.

IKIGABANE CA III:

**IBISABWA
KWITOZA.**

ABITOZA

N'IBIBUZA

Ingingo ya 145: Uwitoza ngo abe umushingamateka ategerezwa:

1. kuba afise uburenganzira bwo gutora nk'uko bitegekanijwe mu ngingo ya 4 gushika ku ya 10 z'iri bwirizwa,
2. kuba yavutse ari umurundi canke haheze n'imiburiburi imyaka cumi ahawe ubwenegihugu,

3. kuba akwije imyaka 25 y'amavuka yuzuye umunsi w'amatora,
4. kuba afise amateka yose ahabwa n'ubwenegihugu,
5. kuba aba mu Burundi igihe asaba kwitoza kandi akaba ari imvukira, ahafise urugo canke ariho aturuka.

Bitayeko, ategerezwa kwemeza no gukurikiza amasezerano y'Ubumwe bw'Abarundi no kwemeza icese ingingo ngenderwako zikurikira: kwubahiriza n'ugukomeza ubumwe bw'Abarundi, kwubahiriza, guharanira n'uguteza imbere agateka ka zina muntu, kwihiatira ishingwa ry'intwaro yisunga amategeko, ikubahiriza, kandi igaharanira intwaro rusangi; kurwanira iyubahirizwa ry'imbibe n'ukwishira n'ukwizana kw'ighugu, kwihaniza ukudahariranira, ukwitwaza amacakubiri ashingiye ku moko, ku ntara no gukumira abanyamahanga hamwe no kwitwaza igikenye mu gusinzikaza abandi mu buryo ubwo aribwo bwose.

Kandi, iyo uwitoza yahaniwe icaha gisanzwe gihanishwa ugupfungwa imyaka itarenga itanu akaba yaciriwe gupfungwa amezi atandatu canke arenga ategerezwa kuba amaze n'imiburiburi imyaka ibiri arangije ico gihano. N'iyo yahaniwe icaha gisanzwe gihanishwa gupfungwa imyaka irenga itanu agacirwa gupfungwa imyaka itanu canke irenga ategerezwa kuba amaze n'imiburiburi imyaka itanu arangije ico gihano.

Ingingo ya 146: Hirengagijwe ibitegekanijwe mu karongo ka gatatu k'ingingo ya 145 y'iri bwirizwa, abaciriwe imanza ku vyaha biterwa no gusamara ntibabujijwe kwitoza no kwiyandikisha mu bitoza kiretse iyo ibihano baciriwe bijanye n'ivyaha vyo gutoroka, kugendesha ivyuma mu mabarabara ata ruhusha, canke harimwo akaborerwe canke ivyo vyuma bitakingiwe ku masanganya.

IKIGABANE CA IV: UKWIYANDIKISHA MU BITOZA.

Ingingo ya 147: Abitoza bose mu ntara babimenyesha mu rwandiko rumwe rushikirizwa n'umugambwe wabo rukerekana kuri umwe umwe wese, uko bakurikirana, amazina n'amatazirano yabo, italiki y'amavuka n'aho bavukiye, umwuga, aho bafise urugo rukuru canke aho basanzwe baba.

Urwo rwandiko rurerekana kandi ibara n'ibimenyetso umugambwe usaba ko arivyo vyowuranga. Igitigiri c'abitoza banditse ku rutonde rushikirizwa kingana kabiri n'intebe zitegekanijwe muri iyo ntara. Urutonde rwose rtegerezwa kuba ruriko abitoza bava mu moko yose kandi ibitsina vyose bigaserukirwa. Ku bitoza batatu bakurikirana ku rutonde, babiri bonyene nibo bashobora kuba basangiye ubwoko kandi n'imiburiburi umwe kuri bane ategerezwa kuba ari umukenyezi.

Ingingo ya 148: Abitoza ku giti cabu nabo nyene bashikiriza urutonde rwabo rudahinduka, igitigiri cabu kikangana kabiri igitigiri c'intebe zitegekanijwe muri iyo ntara. Uwiyandikisha mu bitoza akaba ata mugambwe n'umwe arimwo yitwa ko yitoza ku giti ciwe.

Ingingo ya 149: Ikiringo co kwiyandikisha mu bitoza kimara n'imiburiburi iminsi cumi n'itanu.

Ingingo ya 150: Abashaka kwitoza babishikiriza Umurwi wigenga ujejwe gutunganya amatora mu gihugu cose babicishije ku ntumwa y'umugambwe wabo canke ku witoza ku giti ciwe aza imbere y'abandi ku rutonde rwabo.

Umurwi wigenga ujejwe gutunganya amatora mu gihugu cose uratanga urwandiko rwemeza ko wabironse. Uwo murwi ufise ikiringo c'iminsi indwi yo kubisuzuma kugira ngo wemeze ko bikwiye .

Umurwi wigenga ujejwe gutunganya amatora mu gihugu cose urasuzuma ko urutonde rw'abitoza rwagizwe hisunzwe ibitegekanijwe mu gace ka mbere k'ingingo ya 129 y'iri bwirizwa.

Ingingo ya 151: Ibisabwa uwitoza bitegerezwa kuba mu nzandiko zine zisa navyo bikaba ari ibi bikurikira:

1. ivyo yaranguye mu buzima bwiwe;
2. iyimuriro ry'ikarata karangamuntu;
3. urwandiko rwerekana ko amaze gucirwa igihano ku vyaha canke ataco arigera acirwa;
4. urwandiko rutangwa n'abajejwe inzandiko ndangamuntu rwerekana umunsi n'aho yavukiye canke urundi rwandiko urwo arirwo rwose rurusubirira;
5. urwandiko rwerekana aho aba;
6. urwandiko rwemeza ko yigenza neza mu buzima kandi afise imico myiza,
7. urwandiko rwemeza ko afise amagara meza;
8. amafoto ndangamuntu ane;
9. urwandiko rw'ukwemeza n'ugukurikiza amasezerano y'Ubumwe bw'Abarundi n'ukwemeza icese ingingo ngenderwako zikurikira: kwubaha, kwubahiriza n'ugukomeza Ubumwe bw'Abarundi, kwubahiriza, guharanira n'uguteza imbere agateka ka zina muntu, kwhiatira ishingwa ry'intwaro yisunga amategeko, ikubahiriza kandi igaharanira intwaro rusangi, kurwanira iyubahirizwa ry'imbibe n'ukwishira n'ukwizana kw'igihugu, ukwiyamiriza ukudahariranirana, ukwitwaza amacakubiri ashingiye ku moko, ku ntara no gukumira abanyamahanga, hamwe no kwitwaza igikenye mu gusinzikaza abandi mu buryo ubwo aribwo bwose.

Inzandiko zitangwa zerekeye urutonde rw'abitoza zirerekana ibara, ibimenyetso basaba ko vyobaranga n'imigambi uwo mugambwe wishinze kurangura.

Ingingo ya 152: Igihe uwusaba kwitoza atavyemerewe, umugambwe arimwo canke umuntu uwo ariwe wese yanditswe ku rutonde rw'abitoza bashobora kwitwara muri Sentare yubahiriza lbwirizwa Shingiro nayo igashinga ingingo mu kiringo c'iminsi umunani.

Uwitwara ategerezwa gushikiriza imburano ziwe Sentare yubahiriza Ibwirizwa Shingiro mu masaha mirongo ine n'umunani akurikira umunsi yamenyeshe-rejweko ingingo imwankira kwitoza.

Ingingo ya 153: Nta n'umwe arekuriwe kwiyandikisha ku rutonde rw'abitoza rurenga rumwe canke mu ntara irenga imwe.

Ingingo ya 154: Umurwi wigenga ujejwe gutunganya amatora mu gihugu cose umaze kwemera urutonde rw'abitoza nta n'umwe mu bitoza ari kuri urwo rutonde arekuriwe kuruvako ngo aje ku rundi.

Iyo mu bitoza hari uwusandavye mu kiringo co kwitoza, abo bisangiyе urutonde bategerezwa guca bamusubiriza uwundi mushasha bagaca babimenyesha ababijejwe.

Ingingo ya 155: Kuva abitoza bamenyeshejwe ko bavyemerewe haca hatangwa amafaranga y'ingwati ibihumbi amajana abiri ku rutonde rwose rw'abitoza rwemewe akaja mu bubiko bwa Leta buyagenewe buri mw'ibanki nkuru y'igihugu.

Urwandiko rwemeza ko yatanzwe ruca rurungikirwa Umurwi wigenga ujejwe gutunganya amatora mu gihugu cose.

Urutonde rw'abitoza rutatanze ayo mafaranga ruca rufutwa.

Igice ca bibiri c'ayo mafaranga y'ingwati kirashubizwa imigambwe canke urutonde rw'abitoza ku gitи cabо bashikanye n'imiburiburi 2% vy'amajwi yatanzwe mu gihugu cose.

IKIGABANE CA V: INGENE INTEBE ZIGABURWA.

Ingingo ya 156: Intebe zigaburwa hakurikijwe ingene urutonde rw'abitoza barushanya amajwi.

Hamaze kuvamwo urutonde rw'abitoza batashikanye 2% vy'amajwi y'abatoye mu gihugu cose, intebe zica zigaburirwa urutonde rw'abitoza basigaye mw'ihiganwa muri iyo ntara.

Ingingo ya 157: Intebe zigaburwa mu buryo bukurikira:

1. amajwi yose yatanzwe agaburwa ku gitigiri c'intebe zitegekanijwe,
2. igitigiri c'amajwi urutonde rwose rwaronse kigaburwa ku gitigiri cabonetse mu buryo bwa mbere, urutonde rwose rukaronka intebe zingana n'igitigiri gitowe.
3. intebe zitagabuwe zihabwa urutonde ruri mw'ihiganwa hisunzwe ingene amajwi yasigaye asumbana.

IGICE CA GATANU : INGINGO ZIHARIJWE N'AMATORA Y'ABAKENGUZAMATEKA.

IKIGABANE CA I : UTURERE DUSERUKIRWA, IGITIGIRI C'ABAKENGUZAMATEKA N'IKIRINGO BAMARA MURI AYO MABANGA.

Ingingo ya 158: Hatirengagijwe ibitegekanijwe muri iki kigabane, amategeko ari mu kigabane ca kabiri aguma akurikizwa no mu matora y'abakenguzamateka.

Ingingo ya 159: Uturere dutorerwamwo abakenguramateka tungana n'uko intara zingana, igisagara ca Bujumbura kigafatwa nk'intara.

Ingingo ya 160: Abagize urwego rw'Inama Nkenguzamateka bitwa Abakenguzamateka.

Ingingo ya 161: Inama Nkenguzamateka igizwe n'aba:

- abantu babiri baserukira intara batowe n'umurwi ubijejwe urimwo abajenama bose b'amakomine b'iyo ntara, bagatorwa mu moko atari amwe harabwe abitoza bashikirijwe n'imigambwe canke abitoza ku giti cabo hakabanza gutorwa uwo mu bwoko bumwe hagasubira uwo mu bundi bwoko,
- abatwa batatu bagenyewe n'Umurwi wigenga ujejwe gutunganya amatora mu gihugu cose batava mu ntara imwe,
- abigeze kurongora Uburundi. Muri abo bose haba harimwo abakenyezi babaye bake ntibaje munsi y'ibice 30%.

Ivyo bice bidashitse, Umurwi wigenga ujejwe gutunganya amatora mu gihugu cose ubigiye inama n'imigambwe vyerekeye, uragenya mu guha umugambwe wose washikanye ibice 5% vy'amajwi y'abatoye, igitigiri kingana c'intebe zongeweko zikenewe kugira ngo ibitsina biserukirwe bikwiye.

Ku vyerekeye amatora ategekanijwe mu karongo ka mbere k'iyi ningo, umugambwe wose canke uwitoje wese ku giti ciwe barashikiriza izina ry'uwitoza. Uwushikanye ibice 2/3 vy'amajwi y'abatoye niwe aba atowe. Ivyo bice bitabonetse mw'itora rya mbere, haca haba itora rigira kabiri. Ivyo bice bitabonetse, haca haba itora rigira gatatu hagahiganwa abitoza babiri barushije abandi amajwi. Uwurushije uwundi amajwi niwe aba atowe.

Ingingo ya 162: Ikiringo c'Inama Nkenguzamateka ni ico abakenguamateka bamara barangura amabanga bajejwe, gitangura kuva umunsi Sentare yubahiriza Ibwirizwa Shingiro itangaza icese ivyavuye mu matora y'abakenguamateka kikarangira haheze imyaka itanu.

Ingingo ya 163: Mw'ikoraniro ryayo rya mbere, Inama Nkenguzamateka iremeza amategeko yerekana ingene yitunganiriza imirimo yayo, agashinga ingene iringanjwe n'ingene ikora. Iratora kandi abazoyirongora. Ikoraniro ryayo rya mbere riba umunsi wa mbere w'imirimo ukurikira umunsi ugira indwi kuva Sentare yubahiriza Ibwirizwa

Shingiro yemeje ivyavuye mu matora y'abakenguamateka. Iryo koraniro rirongorwa n'Umukenguzamateka arusha abandi imyaka y'amavuka.

Ingingo ya 164: Ikiringo cagenewe umukenguzamateka kirashobora kurangira imbere y'igihe categekanijwe kuberako apfuye, atanze imihoho, akitswe n'amagara, amugaye, yasivye ata mvo ishemeye afise mu bihe birenga igice kimwe ca bine c'amanama ategekanirijwe ikoraniro canke avanywe muri ayo mabanga kubera ko yatakaje bimwe mu bimuha uburenganzira bwo kwitoza canke habonetse igituma atakirekuriwe kwitoza.

Ibisabwe n'abarongoye Inama Nkenguzamateka, Sentare yubahiriza Ibwirizwa Shingiro niyo yemeza ko Umukenguzamateka atakiri muri ayo mabanga.

Ikiringo cagenewe Umukenguzamateka kirashobora kandi kurangira kubera bibonetse ko amabanga ajejwe ayabangikanije n'iyindi mirimo nk'uko bitegekanijwe mu ngingo za 169, 171 na 172 z'iri bwirizwa.

Ingingo ya 165: Igihe Umukenguzamateka atakirangura amabanga ajejwe, abajejwe gutora Abakenguamateka mu ntara yatowemwo barararikwa n'itegeko ry'Umukuru w'igihugu bagatora uwumusubirira.

Urwandiko rugizwe n'umurwi w'abaganga batatu babigenewe n'Umushikiranganji w'Ukubungabunga amagara y'abantu abisabwe n'abarongoye Inama Nkenguzamateka ni rwo rutuma vyemezwa ko umukenguzamateka atakirangura amabanga ajejwe kubera ko akitswe n'amagara.

Iyo vyemejwe ko umukenguzamateka atakirangura amabanga ajejwe kubera ko akitswe n'amagara, aca asubirizwa buno nyene.

Ingingo ya 166: Igihe Umukenguzamateka yasivye ata mvo ishemeye afise mu bihe birenga igice kimwe ca bine vy'amanama ategekanirijwe ikoraniro, abarongoye Inama Nkenguzamateka baratohoza, ivyo bashitseko bikarungikirwa Sentare yubahiriza Ibwirizwa Shingiro kugira ngo ishinge ingingo.

Sentare yubahiriza Ibwirizwa Shingiro imaze gushinga ingingo yemeza ko umukenguzamateka yakosheje

avanywe mu mabanga ajejwe, aca asubirizwa buno nyene.

Ingingo ya 167: Umukenguzamateka bibonetse ko atari afise uburenganzira bwo kwitoza ivyavuye mu matora bimaze gutangazwa canke mu gihe akirangura amabanga ajejwe habonetse kimwe mu bituma adashobora kwitoza nk'uko bitegekanijwe muri iri bwirizwa canke yahawe igihano co gupfungwa amezi abiri canke arenga, aca avanwa mu Nama Nkenguzamateka.

Ibisabwe n'abarongoye Inama Nkenguzamateka canke uwundi muntu uwo ariwe wese abikeneye, Sentare yubahiriza Ibwirizwa Shingiro niyo yemeza ko Umukenguzamateka avanywe mu mabanga ajejwe.

IKIGABANE CA II: IKIRINGO ABAKENGUZAMATEKA BAMARA MU MABANGA BAJEJWE N'IVYO BATAYABANGIKANYA.

Ingingo ya 168: Umukenguzamateka aserukira igihugu cose, ntaserukira abamutoye gusa.

Ingingo ya 169: Amabanga y'Umukenguzamateka ntabangikanya n'iyindi mirimo y'igihugu, iba iyo yatorewe iba iyo atatorewe.

Umukozi wa Leta wese, agengwa n'amategeko yerekeye abakozi ba Leta canke yagiriraniye na Leta amasezerano y'akazi, agatorerwa kuba Umukenguamateka aca aba arabangiriye kurangura iyo mirimo ya Leta.

Ingingo ya 170: Hirengagijwe ibitegekanijwe mu ngingo ya 169 y'iri bwirizwa, abigisha mu mashule kaminuza hamwe n'abatowe ngo barangure amabanga mu nzego z'amakomine, kiretse Musitanteri, barashobora kubangikanya ayo mabanga n'ayo Umukenguamateka.

Ingingo ya 171: Amabanga y'umukenguzamateka ntabangikanya n'imrimo ashinzwe n'ikindi gihugu canke ishirahamwe mpuzamakungu.

Ingingo ya 172: Umukenguzamateka ashinzwe umurimo uwo ariwo wose ahemberwa na Leta, ikindi gihugu canke ishirahamwe mpuzamakungu akavyemera aca areka kurangura amabanga y'umukenguzamateka kandi aca asubirizwa.

Ingingo ya 173: Umukenguzamateka yerekewe na kimwe mu bitegekanijwe mu ngingo ya 172 y'iri bwirizwa arasubira mu mabanga y'abakenguzamateka kuva aho ibitabangikana n'ayo mabangabihaviriye kandi ikiringo yatorewe kikaba kitarahera.

Ingingo ya 174: Mu manza z'amatati n'izo ubudandaji, umushingwamanza uwo ariwe wese yatorewe amabanga y'Umukenguzamateka arabujije kuburanira ababuranya Leta, amakomine, amashirahamwe yegamiye Leta canke kubategurira imburano.

Ingingo ya 175: Hatirengagijwe ibitegekanijwe mu ngingo ya 172 y'iri bwirizwa, Umukenguzamateka uwo ariwe wese abangikanje amabanga ajejwe n'iyindi mirimo aca afatwa ko yatanze imihoho.

IKIGABANE CA III: IVYEREKEYE IBISABWA ABITOZA N'IBITUMA BATAREKURIRWA KWITOZA.

Ingingo ya 176: Uwitoza ngo abe Umukenguzamamateka ategerezwa:

1. kuba afise uburenganzira bwo gutora nk'uko bitegekanijwe kuva mu ngingo ya 4 gushika ku ya 10 y'iri bwirizwa;
2. kuba ari Umurundi kavukire canke amaze n'imiburiburi imyaka cumi aronse ubwenegihugu;
3. kuba afise imyaka 35 yuzuye ku munsi w'amatora,
4. kuba aba mu Burundi igihe yiyanikisha mu bitoza kandi akaba ari imvukira y'intara yitozamwo canke akaba ayiturukamwo;
5. kuba afise amateka yose ajanye n'ubwenegihugu.

Kandi ategerezwa kwemeza n'ugukurikiza amasezerano y'Ubumwe bw'aburundi, kwemeza icese ingingo ngenderwako zikurikira: kwubaha,

kwubahiriza no gukomeza Ubumwe bw'abarundi, kwubahiriza, guharanira n'uguteza imbere agateka ka zina muntu, kwihatira ishingwa ry'intwaro yisunga amategeko ikubahiriza kandi igaharanira intwaro rusangi, kurwanira iyubahirizwa ry'imbibe n'ukwishira n'ukwizana kw'igihugu, ukwiyamiriza ukudaharinira, ukwitwaza amacakubiri ashingiye ku moko, ku ntara no ku gukumira abanyamahanga, hamwe n'ukwitwaza igikenye mu gusinzikaza abandi mu buryo ubwo aribwo bwose.

Kandi iyo uwitoza yahawe igihano ku caha gisanzwe gihanishwa imyaka itarenga itanu yo gupfungwa, agahanishwa gupfungwa amezi atandatu canke arenga ategerezwa kuba amaze n'imiburiburi imyaka ibiri ahejeje ico gihano. N'yo yahaniwe icaha gisanzwe gishanishwa gupfungwa imyaka irenga itanu, akaba yahawe igihano co gupfungwa imyaka itanu canke irenga, ategerezwa kuba amaze n'imiburiburi imyaka itanu arangije ico gihano.

Ingingo ya 177: Hirengagijwe ibitegekanijwe mu karongo ka 3 k'ingingo ya 176 y'iri bwirizwa, ibihano vyatanzwe ku vyaha biterwa n'ugusamara havuyemwo ivyo gutoroka, kugendesha ivyuma mu mabarabara ata ruhusha canke harimwo akaborerwe canke ivyo vyuma bidakingiwe impanuka ntibibuza kwitoza no kwiyandikisha mu bitoza.

IKIGABANE CA IV: UKWIYANDIKISHA MU BITOZA.

Ingingo ya 178: Itegeko ry'Umukuru w'igihugu rirarika abazotora niryo rishinga ikiringo c'ukwiyandikisha mu bitoza. Ico kiringo ntokija munsi y'iminsi cumi n'itanu.

Ingingo ya 179: Uwushaka kwitoza abimenyesha Umurwi wigenga ujejwe gutunganya amatora mu gihugu cose.

Umurwi wigenga ujejwe gutunganya amatora mu gihugu cose uramuha urwandiko rwemeza ko wabibonye. Uwo murwi ufise ikiringo c'iminsi indwi yo gusuzuma ko uwo asaba kwitoza akwije ibisabwa n'amategeko.

Ingingo ya 180: Ibishikirizwa n'uwushaka kwitoza bigirwa mu nzandiko zine zisa, ku witoza wese bikaba ari ibi:

1. ivyo yaranguye mu buzima bwiwe;
2. iyimuriro ry'ikarata karangamuntu;
3. urwandiko rwemeza ko yaciriwe igihano na sentare canke ko ata gihano aracirwa;
4. urwandiko rw'amavuka rutangwa n'abajejwe inzandiko ndangamuntu canke urundi rwandiko urwo arirwo rwose rurusubirira;
5. urwandiko rwemeza aho aba;
6. urwandiko rwemeza ko yigenza neza mu buzima bwiwe n'uko afise imico myiza;
7. urwandiko rwemeza ko afise amagara meza;
8. amafoto ndangamuntu ane;
9. urwandiko rwo kwemeza n'ugukurikiza amasezerano y'Ubumwe bw'Abarundi n'ukwemeza icese ingingo ngenderwako zikurikira:
kwubaha, kwubahiriza n'ugukomeza Ubumwe bw'Abarundi, kwubahiriza, guharanira n'uguteza imbere agateka ka zina muntu; kwhatira ishingwa ry'intwaro yisunga amategeko ikubahiriza kandi igaharanira intwaro rusangi, kurwanira iyubahirizwa ry'imbibe n'ukwishira n'ukwizana kw'igihugu, ukwiyamiriza ukudaharanira, ukwitwaza amacakubiri ashingiye ku moko, ku ntara no gukumira abanyamahanga, hamwe n'ukwitwaza igikenye mu gusinzikaza abandi mu buryo ubwo aribwo bwose.

Ingingo ya 181: Iyo uwusaba kwitoza yankiwe, ashobora kwitwara muri Sentare yubahiriza Ibwirizwa Shingiro nayo igashinga ingingo mu kiringo c'iminsi umunani.

Uwitwara ategerezwa gushikiriza imburano ziwe Sentare yubahiriza Ibwirizwa Shingiro mu masaha mirongo ine n'umunani akurikira umunsi yamenyesherejweko ingingo imwankira kwitoza.

Ingingo ya 182: Nta n'umwe arekuriwe kwitoza ngo abe umukenguzamateka mu ntara irenga imwe.

Ingingo ya 183: Igihe uwuriko aritoza ngo abe umukenguzamateka apfuye mu kiringo co kwitoza, umugambwe wari wamugenye ngo yitoze uca umusubiriza uwundi buno nyene nawe agaca yiyanikisha mu bitoza.

Ingingo ya 184: Abari ku rutonde rw'abitoza, bakimenyeshwa ko bemerewe kwitoza, baca batanga amafaranga y'ingwati ibihumbi ijana ku rutonde rwose, agashirwa mu bubiko bwa Leta bwabigenewe buri mw'ibanki nkuru y'igihugu. Urwandiko rwemeza ko ayo mafaranga yatanzwe rurungikirwa Umurwi wigenga ujejwe gutunganya amatora mu gihugu cose nawo ugaha abayatanze urwandiko rwemeza ko babibonye. Ukudatanga ayo mafranga y'ingwati bituma urutonde rw'abitoza batayatanze rufutwa. Ayo mafranga y'ingwati yose arasubizwa abari ku rutonde rw'abitoza igihe batowe, abitoje nabo bashikanye n'imiburiburi ibice 10% vy'amajwi y'abatoye mu ntara bitojemwo basubizwa igice kimwe ca bibiri c'amafaranga y'ingwati batanze.

IGICE CA VI : ININGO ZIGENGA AMATORA Y'UMUKURU W'IGIHUGU.

IKIGABANE CA MBERE: ININGO NKURU NKURU.

Ingingo ya 185: Hatirengagijwe ivyategekanijwe n'ingingo ziri muri iki kigabane, amategeko ari mu kigabane ca II arakurikizwa no ku vyerekeye amatora y'Umukuru w'igihugu.

Ingingo ya 186: Umukuru w'igihugu yitorerwa n'abanyagihugu bose barekuriwe gutora, mu mwiherero. Ikiringo amara ku butegetsi ni imyaka itanu agasubira kwitoza rimwe gusa.

Ingingo ya 187: Akarere yitozamwo n'igihugu cose hatibagiwe ko n'Abarundi baba mu mahanga batora.

Ingingo ya 188: Mw'itora ry'Umukuru w'igihugu, uwutora atora izina rimwe mu bitoje kandi hagegekanijwe incuro zibiri. Umukuru w'igihugu atorwa yemejwe n'amajwi arenga

ica kabiri c'abatoye. Iyo mu bitoje ata n'umwe yashikanye ayo majwi haca haba irindi mu minsi cumi n'itanu.

Ico gihe abemerewe kwitoza ni babiri bambere barushije abandi amajwi. Hagize uwikumira muri bo, abarushije abandi amajwi mw'itora ryambere nibo baca bakurikira hafatiwe ku rutonde rwerekana ingene basumbanje amajwi muri iryo tora.

Muri iryo tora rya kabiri, uwarushije uwundi amajwi niwe yemezwa mw'ibanga ryo kurongora igihugu.

Ingingo ya 189: Umukuru w'igihugu atangura kurangura amabanga yiwe kuva umunsi arahiriye. Ikiringo ciwe kirangira umunsi uwatowe ngo amusubirire ashikirijwe amabanga ajejwe.

Itora ry'Umukuru w'igihugu rikurikira ritunganywa mu gihe kitari munsi y'ukwezi kandi kitarenga amezi abiri imbere yuko ikiringo c'umukuru w'igihugu ahari kirangira.

Ingingo ya 190: Hirengagijwe ibitegekanijwe mu ngingo ya 186 y'iri bwirizwa, Umukuru w'igihugu wa mbere azorongora Uburundi ikiringo c'intwaro mfatakibanza kirangiye azotorwa n'Inama Shingamateka n'Inama Nkenguzamateka zikoraniye hamwe yemejwe n'ibice bibiri vya bitatu vy'abagize izo nama. Ivo bitigiri bitabonetse mw'itora rya mbere, haca haringanizwa ayandi matora gushika habonetse uwitoza yakwije ibice bibiri vya bitatu vy'abagize izo nama.

Itegeko ry'Umukuru w'igihugu rirarika Inama Nshingamateka n'Inama Nkenguzamateka niryo rigena ikiringo abitoza babishikirizako, igenekerezo ry'amatora, igihe n'aho bazokwimenyekanishirizako n'umunsi wo gutora.

Ukwimenyekanisha kugirwa mu makoraniro yabitunga-nirijwe n'abarongoye Inama Nshingamateka hamwe n'abarongoye Inama Nkenguzamateka.

Abitoza barashikiriza imigambi bazorangura.

Abitoza bahabwa umwanya wo kwimenyekanisha ungana kuri bose ushingwa n'abarongoye Inama

Nshingamateka, hamwe n'Inama Nkenguzamateka bagakurikirana nk'uko bagiye bariyandikisha.

IKIGABANE CA II: IBISABWA ABITOZA, IBITUMA BIBUZA KWITOZA N'IMIRIMO ITABANGIKANA N'AMABANGA Y'UMUKURU W'IGIHUGU.

Ingingo ya 191: Umuntu uwo ariwe wese yigeze kurangura amabanga y'Umukuru w'ighugu mu kiringo c'impatafakibanza ntarekuriwe kwitoza mu matora ya mbere y'Umukuru w'ighugu akurikira ikiringo c'impatafakibanza.

Ingingo ya 192: Uwitoza mu mabanga y'Umukuru w'ighugu ategerezwa:

1. kuba afise uburenganzira bwo gutora nk'uko bitegekanijwe kuva mu ngingo ya 4 gushika ku ya 10 z'iri bwirizwa;
2. kuba afise ubwenegihugu bw'Uburundi kuva akivuka;
3. kuba akwije imyaka mirongo itatu n'itanu y'amavuka umunsi w'amatora;
4. kuba aba mu Burundi igihe yyandikisha ngo atorwe;
5. kuba afise amateka yose yemerewe umunyagihugu;
6. kwemeza mu rwandiko ko azokurikiza Amasezerano y'ubumwe bw'Abarundi n'ukwemeza icese ingingo ngenderwako zikurikira: kwubaha, kwubahiriza n'ugukomeza Ubumwe bw'abarundi, kwubahiriza, guharanira n'uguteza imbere agateka ka zina muntu, ukwihatira ishingwa ry'intwaro yisunga amategeko, ikubahiriza kandi igaharanira intwaro rusangi; kurwanira iyubahirizwa ry'imbibe n'ukwishira n'ukwiz- ana kw'ighugu, kwiyamiriza ukudaharanira, ukwitwaza amacakubiri ashingiye ku moko, ku ntara, no ku gukumira abanyamahanga hamwe no kwitwaza igikenye mu gusinzikaza abandi mu buryo ubwo aribwo bwose.
7. kandi iyo uwitoza yahaniwe icaha gisanzwe gihanishwa gupfungwa imyaka itarenga itanu, agahabwa igihano co gupfungwa amezi atandatu canke arenga ategerezwa kuba amaze n'imiburiburi imyaka ine arangije ico gihano. N'iyo yahaniwe icaha gisanzwe gihanishwa imyaka irenga itanu, agahabwa igihano co gupfungwa imyaka itanu canke

irenga, ategerezwa kuba amaze n'imiburiburi imyaka cumi arangije ico gihano.

Ingingo ya 193: Hirengagijwe ibitegekanijwe mu karongo ka kabiri k'ingingo ya 192 y'iri bwirizwa, ibihano bitanzwe ku vyaha bitewe n'ugusamara, havuyemwo ivyaha vyo gutoroka, vyo kugendesha ivyuma mu mabarabara ata ruhusha canke harimwo akaborerwe canke ivyo vyuma bidakingiwe impanuka ntibibuza kwitoza no kwiyandikisha mu biteza.

Ingingo ya 194: Abitoza bashobora gushikirizwa n'imigambwe barimwo canke bakitoza ku giti cabo.

Afatwa ko yitoje ku giti ciwe, uwitoza ata mugambwe arimwo kandi ntashikirizwe n'umugambwe n'umwe igihe iyandikisha mu biteza.

Ingingo ya 195: Uwitoza wese ngo abe Umukuru w'ighugu ategerezwa guhagarikirwa n'umurwi w'abantu amajana abiri bava mu bwoko n'ibitsina vyose.
Abagize uwo murwi bategerezwa nabo nyene kuba bakwije ibisabwa n'amategeko kugira ngo biteze mu mabanga y'abashingamateka n'ayo abakenguamateka.

Ingingo ya 196: Amabanga y'Umukuru w'ighugu ntabangikanya wa n'uwindi murimo w'ighugu yahawe biciye mu matora, akazi ako ariko kose ka Leta n'umwuga uwo ariwo wose.

Ingingo ya 197: Kuva ivyavuye mu matora bitangajwe, uwatowe ngo abe Umukuru w'ighugu yari ashinzwe ayandi mabanga ya Leta aca aba arayahagarika.
Kuva ivyavuye mu matora bitangajwe uwatowe ngo abe Umukuru w'ighugu yari asanzwe akora akazi katari aka Leta ahemberwa canke adahemberwa, yakorera uwundi canke yikorera aca ahagarika iyo mirimo.

IKIGABANE CA III : UKWIYANDIKISHA MU MATORA Y'UMUKURU W'IGIHUGU.

Ingingo ya 198: Itegeko ry'Umukuru w'ighugu rirarika abazotora niryo rishinga ikiringo co kwiyandikisha kw'abitoza mu mabanga y'Umukuru w'ighugu. Ntigishobora kuba munsi y'iminsi cumi.

Uwitoza abishikiriza Umurwi wigenga ujejwe gutunganya amatora mu gihugu cose nawo ukamuha urwandiko rwemeza ko wabibonye.

Ingingo ya 199: Ibishikirizwa n'uwigitoza mu mabanga y'Umukuru w'ighugu bigirwa mu nzandiko zine zisa zirimwo ibikurikira:

1. ivyo yaranguye mu buzima bwiwe;
2. urwandiko rw'amavuka rutangwa n'abajewe inzandiko ndangamuntu canke urundi rwandiko urwo arirwo rwose rurusubirira;
3. iyimuriro ry'ikarata karangamuntu;
4. urwandiko rwemeza aho aba;
5. urwandiko rwemeza ko yigenza neza mu buzima bwiwe kandi ko afise imico myiza;
6. urwandiko rwemeza ko yigeze gucirwa igihano na sentare canke ataragicirwa;
7. amafoto ane ndangamuntu;
8. urwandiko rwemeza ingene amagara yiwe ameze rugizwe n'umurwi w'abaganga batanu bagenyewe na Sentare yubahiriza Ibwirizwa Shingiro;
9. urutonde rw'abantu amajana abiri rugizwe nk'uko bitegekanijwe n'gingo ya 195 y'iri bwirizwa;
10. kwerekana ibara n'ibimenyetso asaba ko vyomuranga
11. urwandiko rwemeza ko azokurikiza amasezerano y'Ubumwe bw'Abarundi n'ukwemeza ingingo ngenderwako zikurikira : kwubaha, kwubahiriza no gukomeza Ubumwe bw'Abarundi, kwubahiriza, guharanira no guteza imbere agateka ka zina muntu, kwihatira ishingwa ry'intwaro yisunga amategeko,

ikubahiriza kandi igaharanira intwaro rusangi, kurwanira iyubahirizwa ry'imbibe n'ukwishira n'ukwizana kw'igihugu; ukwiyamiriza ukudahariranya; ukwitwaza amacakubiri ashingiye ku moko, ku ntara no ku gukumira abanyamahanga hamwe no kwitwaza igikenye mu gusinzikaza abandi mu buryo ubwo aribo bwose;

12. imigambi uwitoza azorangura.

Ingingo ya 200: Igihe hari abitoza bensi bashikirije ibimenyetso n'amabara bisa, birekurirwa uwatanze abandi kubishikiriza.

Uwitoza mu mabanga y'Umukuru w'igihugu yemerwa n'Umurwi wigenga ujejwe gutunganya amatora mu gihugu cose mu kiringo c'iminsi ine

Ingingo ya 201: Igihe uwitoza mu mabanga y'Umukuru w'igihugu abihakaniwe, Umurwi wigenga ujejwe gutunganya amatora mu gihugu cose utegerezwa kwerekana imvo n'imvano z'ingingo washinze kuri ivyo vyose biciye kubiri n'Ibwirizwa Shingiro hamwe n'iri bwirizwa. Mu minsi ibiri ikurikira imenyeshwa ry'iyo ngingo, uwutayishimye ashobora kwitwara muri Sentare yubahiriza Ibwirizwa Shingiro nayo igashinga ingingo ntabanduka mu kiringo c'iminsi umunani.

Inigno ya 202: Kuva amenyeshejwe ko yemerewe kwitoza, uwitoza mu mabanga y'Umukuru w'igihugu ategerezwa gutanga adatevye amafaranga y'ingwati imiliyonu zitatu akayashira mu bubiko bwa Leta bwabigenewe buri mw'ibanki nkuru y'igihugu agaca arungikira Umurwi wigenga ujejwe gutunganya amatora mu gihugu cose urwandiko rwemeza ko yayatanze.

Uwudatanze ayo mafaranga y'ingwati aca afutwa mu bitoza. Ayo mafaranga y'ingwati arasubizwa uwitoje yaronse n'imiburiburi 10% vy'amajwi yose yatanzwe mu matora ya mbere. Uwuhevye kwitoza ntayasubizwa.

**IGICE CA VIII: UKUGISHA INAMA ABANYAGIHUGU BICIYE
MU MATORA.**

Ingingo ya 203: Ukugisha inama abanyagihugu biciye mu matora ni bimwe mu buryo abanyagihugu bakoresha mu kwerekana ko aribo bene igihugu. Umukuru w'igihugu niwe ararika abanyagihugu muri ayo matora. Amatora mwene ayo ntashobora kuringanizwa atari mu bitegekanijwe mu ngingo za 198, 295 na 298 z'Ibwirizwa Shingiro.

Ingingo ya 204: Hari ivyo abanyagihugu bategerezwa guhanuzwa biciye mu matora n'ivyo bahanuzwa Umukuru w'igihugu avyishakiye.

Umukuru w'igihugu amaze guhanuza ivyegera vy'Umukuru w'igihugu bibiri, abarongoye Inama Nshingamateka n'abarongoye Inama Nkenguzamateka arashobora kugisha inama abanyagihugu biciye mu matora ku nteguro iyo ariyo yose y'Ibwirizwa Shingiro, y'amabwirizwa canke ku kindi kibazo ico arico cose gishobora kugira inkurikizi zihambaye mu buzima na kazoza vy'igihugu canke ku buryo inzego z'igihugu ziteye n'ingene zikora.

Umukuru w'igihugu ategerezwa kugisha inama abanyagihugu biciye mu matora amasezerano mpuzamakungu ayo ariyo yose yerekeye gutanga igice c'agataka k'Uburundi, kukiguza ikindi canke kwongera ku Burundi iyindi ntara.

Ingingo ya 205: Ukugisha inama abanyagihugu biciye mu matora bigirwa mu gushikiriza ikibazo abatora bakishura bat "Ego" cake "Oya" inyishu ikerekana n'amabara y'amakarata y'amatora abatora bashira mw'isandugu y'amatora.

Ingingo ya 206: Ukwandika abazotora n'ingene amatora agenda bigirwa nk'uko bitegekanijwe mu ngingo ziri mu kigabane ca II c'iri bwirizwa.

Ingingo ya 207: Iyo iyo nteguro yemejwe n'abarenga ica kabiri c'abatoye, Umukuru w'igihugu, bivuye ku nteguro iyo ariyo yose aca atangaza iryo bwirizwa, akemeza ayo

masezerano mpuzamukungu agashira igikumu kwi'tegeko ry'Umukuru w'igihugu ryemeza ivyavuye mu matora.

IGICE CA VIII:

INGINGO ZIGENGA INGENE ABARUNDI BABA MU MAHANGA BATORA UMUKURU W'IGIHUGU, ABASHINGAMATEKA N'INGENE BAGISHWA INAMA BICIYE MU MATORA.

Ingingo ya 208: Hatirenganijwe ingingo zitegekanijwe muri iki kigabane, amategeko yerekeye iringanizwa ry'amatora n'ingene agenda arakurikizwa no ku barundi baba mu mahanga.

Ingingo ya 209: Aho hose hakorera abaserukira Uburundi mu makungu harategekanya igitabu candikwamwo abatora gishirwako inomero n'igikumu ku rupapuro rumwe rumwe rwose n'umukuru w'abaserukira Uburundi muri ico gihugu.

Ingingo ya 210: Abandika abazotora n'imiburiburi ni babiri bagenyewe n'Umukuru w'abaserukira Uburundi muri ico gihugu.

Ingingo ya 211: Uwutora niwe yyiyandikisha. Ariko bitumwe n'uko uwutora aba ari kure abarongoye amatora bavyemeye arashobora gutuma umwandikisha canke akiyandikisha umunsi w'amatora.

Ingingo ya 212: Igihe abajejwe kwandika abatora banse kwandika uwiyyandikisha, iyo ngingo barayimumenyesha. Nawe arashobora kuyitwarira ku bajejwe kwandika abazotora bongeweko abandi batowe mu bazotora. Ingingo bashinze ntaho yungururizwa.

Ingingo ya 213: Ukwandika abazotora guheze, umukuru w'abaserukira Uburundi mu makungu aca arungikira buno nyene Umurwi wigenga ujejwe gutunganya amatora mu gihugu cose, akoresheje uburyo abaserukira ibihugu vyabo mu mahanga bakoresha, icegeranyo c'ingene ukandika abazotora kwagenze.

Ingingo ya 214: Harategekanijwe ikibanza c'ugutoreramwo ahari icicaro hose c'abaserukira Uburundi mu makungu.

Ingingo ya 215: Abahagarikira amatora bagizwe n'uwubarongora n'abafasha babiri.

Umukuru w'abaserukira Uburundi mu makungu niwe agena mu bazotora abahagarikira amatora.

Ingingo ya 216: Bivuye ku mvo bo nyene babona ko zishemeye, abahagarikiye amatora barashobora kwemerera uwutora gutorera n'abandi bamutumye.

Ingingo ya 217: Imbere yo gutangura kurangura amabanga bajewe, abahagarikira amatora bategerezwa kurahira nk'uko bitegekanijwe mu ngingo ya 44 y'iri bwirizwa.

Ingingo ya 218: Amatora atangura kw'isaha cumi na zibiri zo mu gitondo akarangira isaha cumi na zibiri zo ku mugoroba iyo igihugu aberamwo gihuza amasaha n'Uburundi. Atari uko, amasaha yo gutangura no kurangiza amatora ashingwa n'umukuru w'abaserukira Uburundi mu makungu aravye uko ibintu bimeze muri ico gihugu ariko ntacereze itororokanywa vy'ivyavuye mu matora mu Burundi bwose.

Ingingo ya 219: Imigambwe abitoza canke urutonde rw'abitoza barashobora kugena ababaserukira kugira babarabire ko amatora agenda neza mu gihugu aberamwo. Ababaserukira barafise uburenganzira bwo kwandikisha mu vyegeranyo ivyo boba babonye mu matora.

Ingingo ya 220: Ivyegeranyo vyerekana ingene amatora yagenze n'ingene amajwi yaharuwe bica birungikirwa buno nyene hamwe n'ivyavuye mu matora Umurwi wigenga ujejwe gutunganya amatora mu gihugu cose mu buryo abaserukira ibihugu vyabo mu makungu bakoresha.

Ingingo ya 221: Ku vyerekeye amatora y'Abashingamateka, Abarundi baba mu mahanga batora urutonde rw'abitoza bo mu ntara baturukamwo.

IGICE CA IX : IVYEREKEYE INGINGO MPANAVYAH.

IKIGABANE CA I: IVYAH A BIJANYE N'AMATORA BIKORWA AMATORA ATARABA.

Ingingo ya 222: Ahanishwa ugupfungwa ku minsi cumi n'itanu gushika ku mezi atatu n'ihadabu ry'amafaranga riva ku 10.000 gushika ku mafaranga 20.000 canke igihano kimwe muri ivyo:

1. umuntu uwo ariwe wese yiyandikishije ku rutonde rw'abazotora akoreshheje amazina atariyo canke akiyita uko atari canke, mu kwiyandikisha, yanyegeje ikimubuza kwiyandikisha gitegekanijwe n'iri bwirizwa canke agasaba kandi akemererwa kwandikwa mu bitabu vyandikwamwo abatora bibiri canke birenga;
2. umuntu uwo ariwe wese yiyandikishije mu bazotora yamenyesheje ibitari ivyo ukuri canke yakoreshheje inzandiko atari izo ukuri canke yandikishije canke agafutisha uwanditswe mu bazotora akoreshheje uburyo butaribwo.
3. iyo uwagiriye ivyo vyaha ari umukozi wa Leta, uwujejwe umutekano canke ivyo intwaro, igihano gica kigwizwa na kabiri.

Ingingo ya 223: Bihanishwa ihadabu riva ku mafaranga 40.000 gushika ku mafaranga 200.000:

1. ukwimenyekanisha uko ariko kwose kugizwe ikiringo c'ukwimenyekanisha gitegekanijwe n'amategeko kitaratangura canke caheze;
2. kwararaza canke gutuka abandi bariko baritoza;
3. ukumanika uko ariko kwose inzandiko z'ukwimenyekanisha aho bitategekanijwe n'abakuru mu ntwaro babiejwe;
4. gukoresha ibibanza vyagenewe kumanikwako inzandiko zo kwimenyekanisha mu ntumbero idahuye n'ivyo gushikiriza no gushigikira uwitoza canke imigambi yiwe.
5. kuzimanganya inzandiko zijanye n'amatora zamanitswe hakurikijwe amategeko;

6. gukoresha mu gihe co kwimenyekanisha uburyo ubwo aribwo bwose bwo kumenyekanisha ibidandazwa biciye mu binyamakuru canke mu bundi buryo ubwo aribwo bwose bwo guhanahana amakuru biciye mu nsamirizi no mu mboneshakure kugira amatora agende uko uwo muntu abishaka.

Ingingo ya 224: Umukozi wa Leta uwo ariwe wese yimenyekanishiye canke akamenyekanisha abandi bitoza mu masaha y'akazi ahanishwa ihadabu riva ku mafaranga 10.000 gushika ku mafaranga 20.000.

Ingingo ya 225: Umuntu uwo ariwe wese azokoresha amatungo n'uburyo bwa Leta, bw'urwego rw'igihugu canke bw'ishirahamwe rya Leta canke akareka ubwo buryo bugakoreshwa n'uwigitoza canke umugambwe mu ntumbero yo kwimenyekanisha mu matora azohanishwa ihadabu riva ku mafaranga 40.000 gushika ku mafaranga 200.000.

Ingingo ya 226: Umuntu uwo ariwe wese azokwosha canke akagerageza kwosha uwutora canke abatora, wenyene ubwiwe canke abitumye uwundi muntu mu kubaha canke kubemerera amafaranga canke ibintu, n'ibindi abagirira nko kubaha akazi muri Leta canke mu bikorera ivyabo n'ibindi azohanishwa gupfungwa kuva ku mwaka gushika ku myaka itatu n'ihadabu riva ku mafaranga 40.000 gushika ku mafaranga 400.000 canke agahabwa igihano kimwe muri ivyo gusa.

Ivyo bihano nyene bizohabwa uwo ariwe wese akoreshsheje ubwo buryo nyene azokwumvisha canke akagerageza kwumvisha uwutora canke abazotora ko bobireka.

Ni co kimwe n'uwakiriye ivyo bintu ahawe, agabiwe canke yemerewe canke akavyisabira.

IKIGABANE CA II: IVYAH A BIJANYE N'AMATORA BIKORWA ARIKO ARABA CANKE YAHEZE.

Ingingo YA 227: Azohanishwa gupfungwa kuva ku minsi cumi n'itanu gushika ku mezi atatu n'ihadabu riva ku mafaranga 10.000 gushika ku mafaranga 20.000 canke igihano kimwe muri ivyo conyene:

1. uwatswe uburenganzira bwo gutora akabirengako agatora kubera yari yyiyandikishije ku rutonde rw'abatora imbere y'uko yakwa ubwo burenganzira canke kubera yyiyandikishije mu nyuma y'aho abwakiwe;
2. uwuzotora kubera yyiyandikishije biciye mu busuma canke abeshe agakoresha amazina n'uburenganzira bw'uwundi muntu yyiyandikishije mu matora;
3. uwateroye kenshi mw'itora rimwe;
4. uwafatanywe amakarata y'ugutora atakoresheje.

Ingingo ya 228: Azohanishwa ihadabu riva ku mafaranga 10.000 gushika ku mafaranga 20.000:

1. uwuzokwiragiza canke agatuma abakwiragiza amakarata yo gutora, amakete canke izindi nzandiko y'ukwimenyekanisha ku munsi w'amatora;
2. uwuzokwiambika ikimenyetso ico arico cose kiranga umugambwe, uwitoza canke urutonde rw'abitoza ku munsi w'amatora;
3. uwuzosohokana ikarata yo gutora atakoresheje avuye mu bwiherero.

Ingingo ya 229: Azohanishwa gupfungwa kuva ku mezi atatu gushika ku myaka ibiri n'ihadabu riva ku mafaranga 20.000 gushika ku mafaranga 40.000 canke igihano kimwe muri ivyo gusa uwo ariwe wese mu bibanza vy'amatora canke iruhande yavyo azokandamiza mu buryo ubwo aribwo bwose uwutora canke abatora kugira atume batora uko abishaka, kugira bamuhe amajwi canke ababuze gutora.

Ingingo ya 230: Azohanishwa gupfungwa kuva ku mezi atandatu gushika ku myaka itanu uwo wese azokubagura uwutora canke akamutera ubwoba canke akamwumvisha ko azotakaza akazi kiwe, canke akamushira mu kaga ako ariko kose wenyene ubwiwe, umuryango wiwe canke amatungo yiwe kugira ngo amwumvishe canke agerageze kumwumvisha ingene ategerezwa gutora.

Ingingo ya 231: Azohanishwa gupfungwa kuva ku mwaka umwe gushika ku myaka itatu n'ihadabu riva ku mafaranga 20.000 gushika ku mafaranga 40.000 canke igihano kimwe muri ivyo gusa, uwujewe kwakira no guharura amakarata aserura amajwi y'abatoye azonyuruza, akongeramwo canke agafutanganya ikarata imwe canke nyinshi muri zo.

Ingingo ya 232: Azohanishwa umunyororo uva ku mwaka gushika ku myaka itanu n'ihadabu riva ku mafaranga 40.000 gushika ku mafaranga 200.000 canke igihano kimwe muri ivyo:

1. Uwuzokwinjirana ikirwanisho kiboneka canke kinyegeje mu kibanza kiberamwo amatora:
2. Uwuzokwinjira canke azogerageza kwinjira giturumbuka mu kibanza kiberamwo amatora kugira ngo, ayadurumbanye canke ayahagarike.

Bigenze uko bitegekanijwe muri ako karongo ka kabiri igihano kigwiza na kabiri iyo uwagiriye ico caha yari yitwaje ikirwanisho canke iyo itora rihungabanijwe.

Ingingo ya 233: Azohanishwa gupfungwa kuva ku kwezi kumwe gushika ku mwaka umwe n'ihadabu riva ku mafaranga 20.000 gushika ku mafaranga 40.000 canke igihano kimwe muri ivyo gusa, uwuzoba yahungabanje amatora agatuma uwutora canke abatora babireka mu gukwiragiza ibihuha mu kubeshera abandi canke akoreshje ubundi buryo bwose buteye kubiri n'amategeko.

Ingingo ya 234: Bazohanishwa gupfungwa kuva ku mezi atatu gushika ku myaka ibiri n'ihadabu riva ku mafaranga 20.000 gushika ku mafaranga 40.000 canke igihano kimwe muri ivyo gusa abagize umurwi, bakavuza urwamo canke bakagira imiyiyerekano y'iterabwoba bituma amatora ahungabana, canke bakabuza abantu gutora canke ntibatore mu mwidegemvyo.

Ingingo ya 235: Azohanishwa gupfungwa kuva mu mwaka umwe gushika ku myaka itanu n'ihadabu riva ku mafaranga 20.000 gushika ku mafaranga 40.000 canke igihano kimwe muri ivyo gusa, umuntu uwo ariwe wese, bivuye ku mabanga ajejwe canke agenyewe n'uwbifitiye ububasha kugirango aje mu batunganya amatora, mu bayacungera canke mu bagenzura ko agenda neza, yamenye ibanga ry'amatora canke ntavugishe ukuri ingene amatora yagenze canke yabujije ko ayo matora aba.

Ingingo ya 236: Azohanishwa gupfungwa kuva ku myaka itanu gushika ku myaka cumi n'ihadabu riva ku mafaranga 40.000 gushika ku mafaranga 100.000 canke igihano kimwe muri ivyo gusa uwuzoba, bitumwe n'imvo zisa n'izitegekanijwe mu ngingo ya 235, yashinzwe kwakira, gucungera, guharura canke gutwara amakarata y'abitoje arimwo amajwi yatanzwe, gутегуra no gutwara ivyegeranyo vy'iharurwa canke itororokanywa ry'amajwi, canke gutanga ivyavuye mu matora, azoba yahinduye, bidaciye mu mategeko, ivyo vyavuye mu matora.

Ingingo ya 237: Azohanishwa ugupfungwa kuva ku mezi atatu gushika ku myaka ibiri n'ihadabu riva ku mafaranga 20.000 gushika ku mafaranga 40.000, canke igihano kimwe muri ivyo gusa uwo ariwe wese ahagarikiye amatora yanse kwandika ivyashikirijwe n'uwsuserukira umugambwe n'uwitoza canke n'urutonde rw'abitoza.

Ingingo ya 238: Umuntu uwo ariwe wese yagiriye kimwe mu vyaha bitegekanijwe muri iki gihimba c'iri bwirizwa, arashobora no guhabwa igihano co kwakwa amateka ajanye n'ubwenegihugu nk'uko bitegekanijwe mu ngingo ya 56 y'igitabu c'amategeko mpanavyaha.

IGICE CA X : INGINGO ZISOZERA

Ingingo ya 239: Amafaranga akenewe kugira ngo amatora ategekanijwe n'iri bwirizwa aringanizwe atangwa na Leta ku biyerekeye.

Ingingo ya 240: Hihwejwe uko ibantu bimeze, uburyo bwo gushira mu ngiro ibitegekanijwe n'iri bwirizwa bushingwa n'itegeko ry'Umukuru w'igihugu canke n'ingingo ishinzwe n'Umurwi wigenga ujejwe gutunganya amatora mu gihugu cose.

Ingingo ya 241: Iri bwirizwa rifuta itegeko-bwirizwa inomero 1/022 ryo kw'igenekerezo rya 16 ntwarante 1993 ryerekeye igitabu c'amategeko agenga amatora.

Ingingo ya 242: Iri bwirizwa ritangura gukurikizwa umunsi rishizweko igikumu n'Umukuru w'igihugu.

Bigiriwe i Bujumbura, igenekerezo rya 20 ndamukiza 2005.

Domisiyo NDAYIZEYE.

Bibonywe kandi bishizweko ikimangu ca Repubulika na:

**Umushikiranji w'Ubutungane ajejwe no gushingura
ikimangu ca Repubulika,**

Didasi KIGANAHE.